

# NHARIRIRE, INGUVAIKO YEUSIKU?



[Hama Gene Goad vanoverenga Isaya 21:1-12—Mupepeti]

[*Chirevo pamusoro perenje regungwa. Sezvamupupuri kumaodzanyemba zvinopfuura; naizvozvo chinobva murenje, kubva kunyika inotyisa.*]

[*Ndaratidzwa chiratidzo chinochedza; uyo anoita nohunyengeri anoita nokunyengera, nomuparadzi anoparadza. Endako, O Erami: komba, O Medhia; ndagumisa kugomera kwose.*]

[*Saka zviuno zvangu zvizere nokurwadziwa: ndabatwa nokurwadziwa, sokurwadziwa kwomukadzi unosununguka: ndakotamiswa pasi pakuzvinzwa; ndakabatikana pakuzviona.*]

[*Moyo wangu warova, zvinotyisa zvandivhundutsa: husiku hwekufara kwangu ahushandura kuva chinhu chinotyisa kwandiri.*]

[*Gadzirai tafura, rindai mushongwe yokurinda, idyai, inwai: simukai, imi machinda, muzodze nhowo.*]

[*Nokuti zvanzi naJehovha kwandiri, Enda, undoisa murindi, ngaareve zvaanoona.*]

[*zvino akaona ngoro navatasvi vamabhiza vashoma, ngoro yembongoro, nengoro yengamera; zvino akanyatsoteerera nekuteerera kwose:*]

[*Uye akadanidzira, Shumba: Tenzi wangu, ndimire nguva dzose masikati pashongwe yokurinda, nousiku hwose ndimire panzvimbo yangu:*]

[*Zvino, tarirai, kwouya ngoro yavanhu, navatasvi vamabhiza vashoma. Zvino akapindura akati, Bhabhironi rawa, rawa; uye mifananidzo yake yose yakavezwa yavamwari vake aipwanyira pasi.*]

[*O kupura kwangu kwese, nekoroni yepaburiro rangu: izvo zvandakanzwa kuna JEHOVHA wehondo, Mwari waIsraeri, ndizvo zvandakakuzivisai.*]

[*Chirevo pamusoro peDhuma. Anondidana kubva paSeiri, Nharirire, inguva ipi yousiku? Nharirire, inguvaiko yousiku?*]

[*Nharirire ndokuti, Mambakwedza osvika, nousikuwo: kana muchida kubvunza, bvunzai: dzokai, uyai.*]

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

<sup>3</sup> Mangwanani akanaka, kukirasi yedu yeBhaibheri mangwanani ano, sezvo tichida kukukwazisai nemuZita raIshe Jesu. Zvino sezvandanga ndichityaira ndichidzika nemugwagwa nguva shoma yapfuura, pamwe nemhuri yangu, Ndanga ndichifunga nezvevanhu vanobuda vachiuya kuchechi nemazuva akunotsvedza kudai, apo chando chiri munyika yose, kuine njodzi mumigwagwa. Havangouyi kuti vazoonekwa. Vane chimwe chinangwa mukuuya. Uye ndinofara zvikuru kuona boka iri pano mangwanani ano, kuti, nazvino, “Kutenda kwemadzibaba edu, kuchiri kurarama,” kuchipfuta mumoyo yevarume nevakadzi kwese-kwese.

<sup>4</sup> Shoko richangoverengwa neHama yedu Gene Goad, pachitsauko 21 cheBhuku raIsaya, chatichadzidza kubva kwachiri, kwechinguva, tobva tava nekunamatirwa kwevarwere. Uye zvino semusoro wenyaya, mangwanani ano, ndingada kutora kubva ipapo, kubva pandima 11 kusvika pana 12: *Nharirire, Inguvaiko Yeusiku?*

<sup>5</sup> Zvino tisati tatanga kutaura, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana mumunamato.

<sup>6</sup> Ishe Mwari, ndiMi Mwari wemadzibaba edu. Ndimi Mwari makafemera mweya wekutanga weupenyu wakambovapo panyika, uye makava nesimba pamusoro pehupenyu hwose kusvika panguva ino, uye muchatonga nekusingaperi. Nokuti ndimi Musiki werudzi rvevanhu vose, nezvinhu zvose zvinofema. Ndimi Musiki.

<sup>7</sup> Uye tinofara, mangwanani ano, kutenda mumoyo yedu kuti vimbiso dzeNyu ichokwadi, imwe neimwe yadzo. Uye kuti muvimbiso idzi, Makati pose pakaungana vaviri kana vatatu muZita reNyu, kuti Muchava pakati pevanhu veNyu, uye kuti Muchapindura pakudana kwavo.

<sup>8</sup> Zvino pane moyo yakaremerwa nhasi. Kubva ndichipinda muchechi, ndaona avo vari pamasitirecha kana nhowo. Uye vamwe vakapeta maoko embatya, nekuda kweutachiona—utachiona mumaoko avo. Uye vamwe, ndanzwa, vakarasikirwa nevadikani. Zvino, oo, inyika ine zvivi uye yakaiwa kwazvo! Asi, zvakadaro, zvinhu zvose izvi zvinofanira kugadziriswa muna Ishe Jesu, Akatiudza isu, kuti, “Zvinhu zvose zviri kushanda pamwe chete mune zvakarurama kune avo vanoda Mwari.”

<sup>9</sup> Uye tinonyaradza mangwanani ano, kutenda kuti zvizhinji zvezvinhu izvi zviripo kutiunza pamabvi edu. Uye isu tinoda kufunga nezveGwaro, rokuti, “Avo vanomirira pana Jehovha vachavandudzwa simba ravo. Vachabhururuka namapapiro sechapungu. Vachamhanya vasinganeti. Vachafamba vasingazoshaiwi simba.” Uye sezvakataura nyanduri, “Ndidzidzisei, Ishe. Ndidzidzisei, Ishe, kumirira.”

<sup>10</sup> Regaiwo isu, nhasi, apo takamirira kunzwa kubva muKubwinya, uye nokubva mumuromo weMuponesi wedu,

kubudikidza neMweya Mutsvene, kuti tigomirira nemoyo murefu kunzwa Inzwi raKe richitaura zvinhu zverudo kwatiri, kuburikidza neShoko raKe, uye nokutaura ruregerero pamusoro pezvivi zvedu, uye nokupodzwa kwehurwere hwedu.

<sup>11</sup> Uye dai tabva patabhenakeri ino mangwanani ano, tichifara, uye tichitaura sevaya vakabva kuEmausi, “Moyo yedu haina kutsva here matiri paAnga achitaura nesu munzira?” Nokuti tinotenda zvamazvirokwazvo kuti ndiYe Ishe wakamuka, sezvavakaMuwana zuva riya. Uye Ari pakati pevanhu. Hatizoneti, moyo yedu haizoshaiwe simba. Ingotiitai kuti tivandudze kutenda kwedu, awa imwe neimwe, maMuri. Zviitei, Baba.

<sup>12</sup> Tinokukumbirai kuti muropafadze Shoko rakanyorwa. Nokuropafadza nzeve dzichanzwa, nemiromo ichataura; uye Imi Mugozviwanira Kubwinya. Nekuti nemuZita raJesu tinonamata. Amen.

<sup>13</sup> Hapana mumwe wedu ane kudzivirirwa kubva kumatambudziko. Mwari havana kuvimbisa kutinzvengesa kubva pazvirwere zvese. Asi kwakanyorwa, kuti, “Simba raKe rakakwana, uye haVamboisi zvakanyanyisa patiri asi kuti Vachatipa nyasha dzekuzvitakura.” Saka tine nyaradzo iyoyo yekuziva.

<sup>14</sup> Kupfungwa yemusoro wenyaya zvino iko zvino, kwenguva shoma, pane chimwe chinhu chaita sechaiswa pamoyo pangu maawa mashoma apfuura: *Nharirire, Inguwaiko Yeusiku?*

<sup>15</sup> Kunenge kwakange kwava, pakati pekunyura kwezuva nerima. Zvino rinofanira kunge raiva zuva rakaipa mukati meguta, nekuti kune yambiro yakapiwa, kuti ivo, iyo nharirire yakanga iri mushongwe yokurinda, yakanga yatumira shoko rokuti yakanga yaona neche kure guruva richisimuka kubva pamavhiri engoro dzamabhiza. Uye yakanzwa kurira kwemahwanda emabhiza, neche kure-kure.

<sup>16</sup> Asi apo madzimai echidiki vaviri vaizenge vakamira patsime, uye vari muzera ravo rehudiki, rehumhandara, vaiva nezvakawanda zvokufunga nezvazvo, vakafunga kudaro, zvaipfuura zvakanga zviri shoko renharirire iyi. Zvichida zvakanga zvisingarevi zvakawanda kwavari, nokuti vakanga vachangove munguva yehumhandara hwakaisvonakisa. Pamwe imhaka yokuti kwaizova nepati usiku ihwohwo, uye mhandara idzi dzaida kuzoenda kupati uku. Uye zvaiita sokunge yambiro yenharirire yaisazova nebasa pane izvo zvavakanga vachifungidzira pamusoro pemafaro avo emunyika usiku ihwohwo. Zvino apo hurukuro ichienderera mberi, uye—uye mumwe musikana ndokuti kune mumwe, “Hazvina kunyanyoipa here, kuti, muzuva redu, kuti tine vakadai vanouraya mafaro, mumwe munhu angaedza ku—kutibvisa pamikana yatiinayo, uye nokubva pamafaro atingagona kufaranuka hedu?”

17 Uye ndinotenda kuti zvingangoenderana nemamiriro ezvazvave mumazuva ano, kuti vanhu vanoedza kufunga kuti paunenge uchiedza kuva wakachangamuka uye uchivapa yambiro yenjodzi dziri kuuya, kuti vanoita sevanofunga kuti unongovawo hako mudhara asina zvaanoziva, mumwe munhu ari kuedza kubvisa mufaro wose kubva muhupenyu.

18 Uye tinofungawo zvakare nezve varume vechidiki, vachibva havo kubasa, uye zviso zvavo zvakasviba nokuda kwebasa ravange vachishanda mariri muswere wese. Zvino mumwe mujaya anogona kuti kune mumwe, “Tichinge tangogezva tazvishongedza, zvishoma, handiti, tichasangana pabhawa, semazuva ose. Nokuti ndine chokwadi kuti iwe, John, hausi kukanganiswa chose neshoko ratanzwa nhasi, nharirire iya iri pashongwe yokurinda, achiedza kutora mufaro wose kubva muhupenyu, achiedza kutiudza kuti kwanga kune njodzi iri kuswadera. Asi, munoziva, tine mauto akanakisa anodarika ose angavepo. Uye vazhinji vemasoja edu vano... vanosangana manheru ega-ega panzvimbo imwe chete yatinouya, uye tinonakidzwa nekuyanana pamwe chete, sekaku—kubhejerana paushamwari, uye nezmimwe zvinwiwa zvishoma. Uye ini, pachangu,” aizoti, “ndinotongoramba kuvhundutsirwa nechimwe chezvinhu izvi izvo nharirire iyi ingataura nezvazvo. Nokuti isu tinotenda kuti dai dziri njodzi dzinouya, kuti zvechokwadi vanaRabhi vedu—vedu vaizoziva nezvazvo, vafundisi vedu, uye vaizotiudza pamusoro pezvinhu zvakadaro. Uye isu hatina basa nekunzwa nyaya dzinobhowa idzi dzenharirire idzi dziri pashongwe yokurinda.”

19 Uye ndokunge kana usiri iwo mufananidzo chaiwo unoonekera wenyika yedu nhasi, kuti vechidiki vemunyika medu, kwete vechidiki chete, asi vakweguru vemunyika yedu, vangova mbengo. Uye vanoramba kunzwa yambiro. Uye apo nharirire yechokwadi painongopa yambiro, anobva atorwa seuyo akatsauka pachitendero, kana mumwewo mupengo.

20 Zvino zuva richifamba kusvika hwava husiku, pamwe musoja ari pasuwo, ari kurinda masuwo, anobva atanga kushaya zororo. Zvino anoenda kune... mutariri ari pedyo naye, obva ati, “Unotenda here kuti pangazova nemukana wokuti nharirire iyoyo zvayareva ichokwadi?”

21 Munoziva, pane chimwe chinhu pamusoro penjodzi, pane chimwe chinhu pamusoro perufu, chinoita sechinofanoyambira pamusoro pachu. Nguva zhinji vadikani vave pedyo nokuyambuka kuenda kune rimwe divi, zvinoita sekunge kune yambiro inouya kwavari.

22 Ndinogona kufunga nezvababa vangu, vasati vaenda. Vakanga vave kunze kweKentucky kwemakore akawanda. Asi, kamwe-kamwe, chimwe chinhu chakaita sechinofamba

pana baba, kuti vadzokere kumusha wekare uye kuti vataure navadikani vavo neshamwari dzavo.

<sup>23</sup> Zvino mushure mokunge vadzoka kumba, mukoma wavo, wavasina kukwanisa kuona, akangoyambirwa zvisinganzwisisike kuti auye kuJeffersonville kuzovaona. Zvino vakati vagere, vachikurukura, baba vakabva vafa vachinopinda mune imwe nyika.

<sup>24</sup> Ndiri kufunga nezvatezvara vangu. Mazuva mashoma vasati vaenda, vakati, “Billy, handei iwe neni kumusoro kunovhima tsindi, kumusoro kweUtica. Ndiri kungoda kuenda kunzvimbo iyi yekare.” Neimwewo nzira, mukuita kwaMwari kwakanaka, handina kukwanisa kuenda navo zuva iroro. Asi vakakwidzako zuva iroro ndokunovhima, uye pavakadzoka zasi nebhazi, va—vakandiudza, vakati, “Ndakanga ndakagara pamusoro pechikomo. Zvese zvachinja zvino. Asi zasi mune chimwe chikona chedondo, kuBattle Creek, kungori kumusoro kwedu,” vakati, “zvaita sekunge ndainzwa amai vangu vachidana, ‘Oo, Frankie!’” Usiku ihwohwo vakapa chapupu, mumutsara wezvigaro wechipiri wemuchechi ino, kuruboshwe rwangu, vachishuva minamoto yavanhu kwavari. Zvino mazuva mashoma akatevera, takavaviga.

<sup>25</sup> Zvinongoratidzika sokuti Mwari vanogara vachitumira mutumwa. Hunaku hwaVo nyenyasha dzaVo, kupa vechokwadi mumoyo yambiro yezvinhu zviri kuuya.

<sup>26</sup> Uye ndinofara kwazvo kuti muzuva rino ratiri kurarama zvino, kuti, kana kusviba kwekunze nerima kumativi ose, kunoratidzika sokuva kune tariro yakakomborerwa iri kubata mwoyo yavanhu vaMwari, kuti imwe nguva yakabwinyiswa Jesu achasvika.

<sup>27</sup> Uye munguva iyi huru yedambudziko, muguta iri, vechiduku vachizvifuratira, uye vanhu vakawanda vakanga vasina basa nezvaizotaurwa nenharirire. Chokwadi, vaive mubhawa, vachinwa, uye pati yainge ichienderera mberi. Uye masoja ose akanga achinwa. Uye vaiva nenguva yakavanakira kwazvo, vachifunga kuti vaive vakachengetedzeka sezvavaigona kuva. “Hapana chaizovakuvadza,” nekuti ivo vakanga vatobatwa, sezvatingataura, nezvinwiwa zvehwiski pamwe nezvinwiwa zvakasanganiswa.

<sup>28</sup> Zvino kamwe-kamwe, ndokuuya ngoro dzemabhiza dzichipinda muguta chaimo. Mikova yepabhawa yakapwanywa, nemudzimba, uye nezvombo zvokuuraya nazvo zvichibata basa, nekuda kwekungoti vaine varamba kunzwa yambiro yenharirire.

<sup>29</sup> Uye mabasa enharirire, muBhaibheri rekare, akanga ari murume akasarudzwa. Anofanira kunge ari munhu akabengenuka pane zvemuchadenga. Anofanira kuziva chaipo apo nyeredzi dzakaremba, kuitira kuti ataure nguva chaiyo

kuvanhu. Vazhinji vaye vakaneta, vaibuda panze, pamwe, zvino vachishaiwa hope, vasina kugadzikana, vodanidzira kunharirire iri mushongwe yokurinda, zvino vodanidzira mashoko aya, “Nharirire, inguvaiko yousiku?”

<sup>30</sup> Zvino aitarisa nyeredzi, uye obva ati, “Inguva *yakati-ikati*.”

<sup>31</sup> Ipapo vaibva vadzokera kumibhedha yavo, kana chero kwavangasarudza kunogara, vakamirira kuti chiedza chezuva chiuye, apo usiku hwekuneta, wakaparara, usina zororo hwaizongwe hwapera.

<sup>32</sup> Mwari ngavave netsitsi! Handizive kuti haisi iyo here nguva, nhasi, yatisina kudanidzira kuNharirire yedu huru, “Yave nguvaiko yeusiku?” Pane njodzi iri kuswewera ichiuya, uye nyika yese inoita sokunge iri kuzunguzika pasi perunziro yayo.

<sup>33</sup> Nharirire zvakare yaifanirawo kunge iri pabasa, nguva dzose. Uye yaifanira kuyambira vanhu nezvenjodzi dzaiuya. Ndiro rakanga riri basa rake, kutarira njodzi yakanga ichiuya. Uye akanga ari pamusoro pashongwe yokurinda yakavakirwa pakakwirira kupfuura rusvingo. Uye shongwe yokurinda iyi, aifanira kunge ari kumusoro ikoko, mairi, mabhuku ezvenyeredzi, nezvakadaro, kuti agone kuona nyeredzi uye ozotaura nguva. Chinhu chipi nechipi chaiuya, panguva dzemasikati, aikwanisa kuchiziva.

<sup>34</sup> Ipapo, aigonawo kuona kure kupfuura ani zvake ari pasi. Aigona kuona mberi kupfuura ani zvake akanga ari pamasvingo, nokuti akanga ari kumusoro pakakwirira. Paunokwira uchienda mudenga, ndiko kurewo kwaunogona kuona. Uye unogona kuona njodzi dziri kuuya, dziri kure zvikuru kupfuura avo vari pasi.

<sup>35</sup> Zvino saIsaya, muzuva rake, aitaura kuti Mwari vakanga vamuita nharirire. Mwari vakafananidza vaporofita vaVo nezvapungu.

<sup>36</sup> Uye sezvandakaparidza kakawanda pamusoro penyaya yezvapungu, chapungu ishiri inokwanisa kuenda mudenga kupfuura dzimwe shiri. Uye chinofanira kugadzirwa zvakatsaurwa kuitira kuenda nemuchadenga machinopinda machiri. Zvino, rukodzi harwukwanise kuchitevera. Hapana imwe shiri inogona kuchitevera. Ishiri yakagadzirwa naMwari, uye chakagadzirwa saizvozvo. Kana imwe shiri ikaedza kutora nzvimbo yacho, inoparara. Chinofanira kuva neminhenga yakasimba, mapapiro akasimba. Uye zvaizochibatsira chii kuti chikwire kumusoro kana chisingazooni, chisina maziso akanaka ekuona? Rukodzi rwunoita bofu kumusoro ikoko; harwaizogona kuona. Asi makwiriro anoita chapungu chichienda kumusoro, ndiko kuwedzera kuona kure kwachinoita.

<sup>37</sup> Uye Mwari vakafananidza vaporofita vaVo nezvapungu. Ndidzo nharirire dzinokwira kumusoro, kuti vaone kure-kure.

Uye meso avo akaitwa emweya kuti vazogona kuona njodzi dziri kuuya.

<sup>38</sup> Uye Mwari vakanga vagadza Isaya kuti ayambire vanhu kuti kune ngozi yakanga ichiswederwa, uye ivo vakatadza kumuteerera.

<sup>39</sup> Uye, nhasi, Mwari vachine zvapungu, kana vatumwa, kana vanhu pashongwe yokurinda, vanokwira mudenga muMweya, kupfuurira hurongwa hwese huripo, nemabhambo ose eatomiki, uye netsvakurudzo dzesainzi. Vane varume vakagadzirwa zvakatsaurwa nechinangwa ichocho, vanokwira pamusoro perusvingo rweKarivhari, nemuZita raIshe Jesu, uye vomira pamusoro pemuchinjikwa, uye vokwanisa kutumira Shoko zvakare, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Kuona kwavo kwepamweya kwakakura nekure kupfuura vapisita vari mutemberi; kupfuurira nekure munhuwo zvake wemukufamba kwehupenyu; nokuti vakatogadzirirwa mabasa avakadanirwa kwaari naMwari. Naizvozvo, zvinotipa pundutso kuteerera patinonzwa pamusoro pezvinhu zviri kuuya.

<sup>40</sup> Zvino ndombochinja zvino kwekachingvana. Zvino tomboti mutarise pana Mambo wezvapungu izvi, kana vaporofita, kana vatariri vemushongwe yokurinda. NdiIshe Jesu, pachaKe. Uye zuva ranhasi ratiri kurarama mariri ranga rakakura kudarika zuva raAive pano, kusvikira, paAkanga ave pedyosa nemuchinjikwa, Akataura zvakawanda pamusoro peKuuya kwaKe kwechipiri kupfuura zvaAkaita nezvokuenda kwaKe. Kana mukanyatsonzvera Magwaro, muchaona kuti nguva pfupi asati asvika pakuenda kwaKe, kuti Akaporofita pamusoro pezvinhu zvaizoitika muzuva rino.

<sup>41</sup> Aiziva kuti Aifanira kurovererwa pamuchinjikwa. Aiziva kuti aifanira kutambudzika asina—asina mhosva kuitira ane mhosva. Aiziva kuti Aizomuka zvakare kubva muguva, nezuva retatu. Aiziva kuti pakanga pasina masimba aikwanisa kuMubata ari muguva, nokuti Shoko raMwari rakanga rataura kuti, “Handingatenderi Mutsvene waNgu kuti aone kuora, kana iNi kusiya mweya waKe mugehena.” Uye pakanga pasina masimba aigona kuputsa chiporofita ichocho. Shoko raKe richava rechokwadi, uye Achazadzikiswa mumwaka maWo. Uye Akava nechivimbo chokuti, zvakanga zvataurwa naBaba, Baba vaikwanisa Kuchengeta Shoko raVo.

<sup>42</sup> Nokudaro, mwoyo waKe mukuru wakanga uri maAri, wakanga uri Chigaro choushe chaMwari, mumwoyo maKe Aiziva kuti nguva huru idzi dzokuyedza dzaizouya kuzoyedza marudzi ose, nokuyedza vanhu vose. Saka, naizvozvo, Akaziva kuti mubvunzo mukuru waivapo, kwete kana kuti Achazomukazve, kana kuti Achazorovererwa sezvakanyorwa muMagwaro, kana kwete kuti Achazokwira kumuSoro, uye Mweya Mutsvene wozouya. Asi mubvunzo waive uyu, “Pachange

paine kutenda here kunosara panyika paKuuya kwaKe?” Uye kutenda kunouya sei? “Nekunzwa Shoko raMwari.” Ndiwo waive mubvunzo waKe. “Pachange paine kutenda here panyika paNdichauya?” Achawana vanhu vanotenda Shoko raKe here?

<sup>43</sup> Zvino kana isu, muzuva ratiri kurarama, tikakwanisa kuvhura mumapeji eShoko raKe rakaropafadzwa, uye towana zvinhu chaizvo zvaAkataura kuti zvichaitika, zvave kusvika panyika nhasi, zviratidzo nezvishamiso zviri kuitika: “Mwoyo yevarume iri kukundika nekutya.” Pane “kuvhiringidzika kwenguva uye kushushikana pakati pamarudzi. Zvinotyisa zvichionekwa mumatenga,” sezviyedza zvinobhururuka, uye Pentagoni yese yakazunguzwa. “Uye gungwa richtinhira, nekundengendeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana. Mwoyo yevarume iri kukundika, nekutya.” Zvombo zvikuru zveatomiki zvakagadzirirwa, zvakamirira. Rima rakaremba panyika, ranga risati rakamboonekwa nenyika kumashure.

<sup>44</sup> Svondo rapfuura ndakava nemukana wekutura neimwe yeshamwari dzangu nehama dzangu, Captain Julius Stadskev, vakanyora bhuku, *Muporofita Anoshanyira Africa*. Uye Hama Julius vakanga vari kuCalifornia, uko vari kutora dzidzo yavo yokuzova meja muchiuto. Zvino ivo...Ivo, vanhu vechisoja, vakavatora kuti vavaongorore zvikuru. Vakanyatsoronda dzinza ravo kusvikira vaziva kuti amai vaambuya vavo vaiva ani, nenhorondo yavo uye nezvavaive, vasati vakwanisa kugara mumusangano uyu.

<sup>45</sup> Zvino pavaabva kumusangano, vakakwira pamusoro pechikomo pataigara nedzimwe shamwari, vakasangana neni kunze uko pasi pomuti wemujunipa, vakati, “Hama Branham, ndicho chinhu chinopedza simba chamati makambonzwa.” Vakati, “Ndiri pasi pemhiko yakakura zvekuti handikwanise kutaura, kana kuti handikwanise kuburitsa chero mashoko azvo,” vakati, “nokuti isu...Vakatiisa pasi pemhiko ine kurevesa. Asi,” vakati, “ndinogona kutaura izvi. Mauto ari kusvika pakuzopera. Havasi kuzova nemamwe mauto zvakare; vachangove nevarindi vashoma ipapo. Havasi kuzova nedzimwezve ndege. Havasi kuzo—kuzopedza nguva yavo pakuvaka ndege dzinonyanyisa kumhanya nezvimwe zvakadaro, kunze kwekutonge dziri dzekushandisa zvemabhizimu. Vari kungoisa pfungwa dzavo pakudhonza chimwe chipfuriso chimwe. Kuchauya kuparadzwa zvachose.”

<sup>46</sup> Vakati, “Hama Branham, veruzhinji havazive kuti zvakananzika zvezvinhu zvevemauto zvii.” Vakati, “Vakuru vemauto ava pavakataura vari muimba umu,” vakati, “makava nekusuruvara kunotyisa kwakafukidza mukamuri iyi, kusvikira mumwe mukuru wesainzi wavo akasimuka, akati, ‘Ndinoshuva kuti dai ndaigona kutora ngoro yakare nemombe, ndotyaira hangu ndichidzokera seri kwemakomo, ndozvisimira kamunda kemakabhiji nebhinzi, ndokanganwa nezvazvo zvose.’ Oo,”



vakati, “zvaizodaro, kana dai mashoko aya aizoenda kune veruzhinji, pasi rose raizopinda mukuvhunduka. Njodzi yava kusvika.”

<sup>47</sup> Vakati, “Vava ne...vari kudzosa mauto avo zvino kubva kuzvitsuwa. Vari kudzosa zvikwata zvavo kubva kuEngland. Uye vane maziigwa mahombe akagara kunze uko, ane dzimwe mhando dzezvombo. Zvino vakangomirira kubhururuka kwekutanga kwebhambo rechitundumuseremusere, ipapo nyika dzese dzichatupfunura panguva imwe chete.” Vakati, “Hapazovi netsuri imwe chete yeuswa inosara panyika, kana gomo rimwe chete asi kuti richazunguzwa kusvika rapera. Uye zvinogona kuitika chero nguva.” Oo, inguva yakasuruvara zvakadii!

<sup>48</sup> Uye nezvinhu zvese izvi zvamunonzwa nezvezviyedza zvinobhururuka. Uye makanzwa hurukuro nemurume uye, ndinofunga, nezuro, paredhiyo, anoti akataura nevanhu. Handidi hangu kuzvidza murume uyu, asi maitiro ake ose anopesana neShoko. Hazvina kunaka. “Uye kuMars, havana rufu, uye vauya kuno kuzotidzidzisa kusava nerufu.” Asi pazvakasvika pakuratidza humbowo, akange asina kana kadodzi kehumbowo, hwaaigona kuzvisimbisa nahwo. Ingori imwe pfungwa yengano yaakanga agadzira. Uye, sekuona kwangu, inhema, nokuti Bhaibheri rakataura zvakasiyana nezvaakataura.

<sup>49</sup> Ndinogona kutaura zvandinofunga pamusoro pezviyedza zvinobhururuka. Handitendi kuti izvo mimvuri. Handitendi kuti zvinogori ngano yekufungidzira. Ndinotenda... Uye izvi hazvizozviite kuti zvide izvo. Ingori pfungwa yangu chete. Ishe havana kundiuza kuti ndizvo zvazviri. Asi, nokutarisa muMagwaro, nokuti ndiMo matinowana zvinhu zvose.

<sup>50</sup> Jesu wakati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Zvino Sodhoma isati yaparadzwa, nemoto wakaburuka ukapisa guta nemapani, kwakava neNgirozi dzakatumba kubva kuDenga, dzakatarisa mukati ndokuongorora, kuti dzione kana zvinhu izvi zvaiva zvehokwadi here kana kuti kwete. Uye hazvingave zvakaita sezviri Mwari kuti vatume Ngirozi dzaVo dzidzoke kuzoferefeta uye nokuona, kuparadzwa kukuru kwave kusvika? Uye makacherechedza here? Pakava neMutumwa mumwe Akauya, Akashanyira imwe harahwa yakanga yazvisarudzira Mwari, uye aigara, achizvidzwa nenyika, mutende seri murenje, nokuti mumwe munhu akanga asarudza akatora pfuma yake yose. Asi akati, “Zvakanaka chose. Ndichangogara hangu pano mukuda kwaMwari.”

<sup>51</sup> Ndingasva hangu ndava mukuda kwaMwari pane kuva nemari yese yaungapihwe nenyika.

<sup>52</sup> Zvino sarudzo yekupedzisira payakangoitwa, Mutumwa waJehovha akauya kuna Abrahama ndokuti,

“Tarisa kumabvazuva, kumadokero, kuchamhembe, nekumaodzanyemba. Kwese ndekwako, Abrahamama.”

<sup>53</sup> Magwaro anotiudza, “Vakaropafadzwa vanyoro: nekuti vachagara nhaka yenyika.” Zvinoita mutsauko wei? Zvinhu zvose zvepanyika zvichaparara pamwe chete nenyika, asi Mwari havangatongoparari.

<sup>54</sup> Uye ndinotenda, sekutungamirwa kwandinoita kuti nditende, ndiko kunge, kana mufananidzo weMutumwa waShe Uyo anouya kuzoita zvekunzvera . . .

<sup>55</sup> Makacheredza here Mutumwa Akauya kuna Abrahamama? Akanga aine musana wake wakafuratira tende, paAkanga achitaura naAbrahamama, uye akati, “Ndichachengeta vimbiso yaNgu kwauri.”

<sup>56</sup> Oo, iMharidzo yakadini yeMutumwa waMwari muzuva rino, Uyo achachengeta vimbiso yaKe! Kwese kusatenda kwenyika, vatsoropodzi, vasingatendi kuvapo kwaMwari, nevasinganamate, neavo vasingatendi, havafi vakaita kuti Simba raMwari rishaiwe maturo. Richangoitika zvakadaro.

<sup>57</sup> “Ndicharangarira vimbiso yaNgu, uye Ndichaita kuti vimbiso yaNgu izadziswe.” Zvino Sara ndokuseka ari mutende shure kwaKe.

<sup>58</sup> Zvino akafuratira kutende kudaro, Akati, “Sei Sara aseka?”

<sup>59</sup> Zvino Sara ndokumhanyira panze akati, “Handina kuseka,” nokuti akanga achitya.

<sup>60</sup> Akanga ari Munhu wemhandoyi uyu? Hatizive kuti imhandoi yeNharirire yaiva pashongwe yokurinda ipapo? “Imhando rudzii yemunhu watinaye, Akandifuratira, asi achiziva kuti ndaseka, mutende?” Rangarirai, ndiYe akanga ari Nharirire.

<sup>61</sup> Iye akatendeuka, zvino Akati, “Hongu, waseka.” Zvino mudzimai akanga achitya.

<sup>62</sup> Zvino, tinocherechedza zvakare, kuti muzuva rino Kuuya kwaShe kwave kusvika, Vanhu vamwe chete ava vachadzoka zvakare. Uye handingazivi, patinotarisa-tarisa tichiona hunhu hwaVo, toona zvaVari kuita, uye handingazivewo here kana zvizhinji zviri kuonekwa zvisinganzwisike izvi zvisiri izvo chaizvo zvakataurwa naJesu kuti zvichaitika. “Kuchava nezviratidzo kudenga kumusoro. Uye nepanyika pachava nekushushikana pakati pamarudzi, kukanganiswa kwenguva, nekudengenyeka kwenyika kunzvimbo dzakasiyana-siyana, uye varume vachifa nekukundika kwemoyo.” Kwete vakadzi; varume. Vakadzi havafe kazhinji nedambudziko remoyo. Varume. Zvinozadzisa zvakataurwa naJesu kuti zvichazova. Ndizvo chaizvo zvaAkataura kuti zvichazova.

<sup>63</sup> Zvino sezvatinogona kuenderera mberi, awa mushure meawa, pavaporofita vose, kuti vakaporofita sei nezvezuva rino.

Hazvingaiti here kuti mumwe munhu adanidzire, “Nharirire, inguvaiko yeusiku?”

<sup>64</sup> Pentagon haina mhinduro. United States haina mhinduro. Germany, Russia, hapana kana imwe yadzo ine mhinduro. Sainzi haina mhinduro.

<sup>65</sup> Ndiani ane mhinduro? Nharirire huru, iri parusvingo, ine mhinduro. “Nharirire, inguvaiko yeusiku?” Uye Mweya Mutsvene ndiwo Nharirire iya iri kugadzirira vanhu, uye ichipa yambiro kubva kuna Mwari. Wakagadzwa seNharirire. Tinoona vanorwara vachipodzwa, maziso akapofomara achizaruka, nzeve dzisinganzwe dzichizaruka, zvirema zvichifamba, vakaremara vachinanzva...vachichirika senondo. Kuzadzisa...Chii ichocho? Kuuya kwaShe, kuri kumanikidzira.

<sup>66</sup> Uye zvinhu zvose izvi, neyambiro idzi! Uye vanhu vanoramba vachingoenderera mberi nemapati avo edoro, kusvikira nguva dzavo dzehupenzi. Uye vanopembera. “Uye vanotamba, nekudya, nekunwa, uye vanoroora, nekuwaniswa,” sezvakarehwa naMwari kuti zvichave. Hapana nzira yekuvamisa.

<sup>67</sup> Zvino kana mukacherechedza, muzera guru rechedzi rino, maringe naZvakazarurwa 3, pazera iri zvino ndiro rakapiwa Nyeredzi yeMangwanani, Kuuya kwave kutosvika.

<sup>68</sup> Tarisai kuti Isaya akanga achienderana sei neMagwaro paakati, “Nharirire, inguvaiko yeusiku?” Akati, “Mambakwedza osvika, nousikuwo zvakare.” Chii? Mambakwedza anouya, asi usiku hunotangira mambakwedza. Chaiva chii? Chero ani zvake anoziva kuti zuva rave kuda kunobuda, pamaawa ayo epakuuya kwekubuda kwezuva, kunobva kwasviba kupfuura zvakwambenge kuri.

<sup>69</sup> O, shamwari dzangu, teerera! kune ZVANZI NAJEHOVHA. Kana muchindiona semuranda waKe, tava pedyosa nekubuda kwezuva. Ndicho chikonzero rima rinotyisa iri riri pamusoro penyika. Tatongova pedyosa neKuuya kwaIshe Jesu. Hapasisina tariro yasara pane chero hacho chinhu kunze kweKuuya kwaKe.

<sup>70</sup> Marudzi ari kurwisana nemarudzi. Uye vakapinda vakatambira murabhoritari yaMwari kusvika vakawana simba rekuputitsana kuita madota eatomiki. Zvino vakaipa kwazvo, uye havasi vanamati, uye havana kufanana naKristu. Uye chinangwa choga chavanacho, nedonzvo, ndechekuparadza. Uye ivo vanofemerwa nemutumwa anoparadza akatumwa kubva kudenga kuzofemera varume ava.

<sup>71</sup> Regai nditi, nemuZita raIshe Jesu, Mweya Mutsvene unotumwa seNharirire pashongwe yekurinda. Apo vanhu vachidanidzira, “Inguvaiko yeusiku?” Waneta here nehupenyu huno? Waneta here nechivi? Waneta here nemidungwe yekufamba uchinoviga vafi, nehurwere, nokushaiwa humwari

kuri kumativi ose? Husiku hwanga hwakareba pamwe nekunetesa here? “Inguvaiko yehusiku, Nharirire?”

Akati, “Mangwanani anouya.” Maona kunyaradzwa?

<sup>72</sup> “Neusikuwo zvakare huri kuuya.” Husiku chii? Tarisai muone kuti Isaya aiva achienderana zvakakwana sei, neMagwaro. Mukufamba kwemazuva ese kwe—kwezvisikwa, nguva dzose kuti kuuya kwezuva kunounganidza rima pamwe chete uye kwonyatsoita kuti kusvibe. Kwakanyanyosviba zuva risati rabuda kupfuura chero imwe nguva muhusiku. Sei? Chiedza chiri kuuya chiri kuita kuti kusvibe.

<sup>73</sup> Uye kuuya kwaIshe Jesu iko zvino kuri kuunza kusviba uku panyika. HaAna here kuti, “Kana zvinhu izvi zvave kuchitanga kuitika, simudza musoro wako, nekuti rudzikinuro rwako rwoswedera?”

<sup>74</sup> Parastina inyika. MaJudha adzoka kubva kumativi ose enyika, uye akaiswapo kuti vaMuone achiuya, sezvakataurwa naMwari kuti vaizoita. “Dzidzai chirevo chemuonde, kana wotungira.” Akati, “Naizvozvo zvichaitika kuti chizvarwa ichi hachingagumi, hachisi kuzopfuura, hachisi kuzoguma, kusvikira zvinhu izvi zvose zvaitika.” Chizvarwa chipi? Chizvarwa chinoona muonde uchitanga kutungira. Israeri yagara iri muonde.

<sup>75</sup> “Zvakasiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose,” akadarwo Joere. “Zvakasiwa nemupedzachose, zvakadyiwa negonye. Zvakasiwa negonye, zvakadyiwa nemhashu.” Uye kana mukacherechedza, chingori chipembenene chimwe chete. Chimwe nechimwe chezvipembenene izvozvo zvakadya muti, chipembenene chimwe chete, chingori muzvinhanho zvakasiyana chete. Uye chivi chimwe chete nokusatenda kwakatanga kudya maJudha, kuti, “Jesu akanga asiri Kristu,” zvakadya muti iwoyo kusvika pachigutsa chisingabereki. Uye muporofita akazviona, akachema. Asi Jehovha akati, “‘Ndichadzoredza,’ ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘makore ose akadyiwa nemupedzachose, nemhashu, nemuteteni.’”

<sup>76</sup> Uye kekutanga mumakore zviuru zviviri nemazana mashanu, maJudha vari kudzokera kunyika yavo. “Chizvarwa ichocho hachisi kuzopera, hachisi kuzopfuura, kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika.” “‘Ipapo Ndichadurura Mweya waNgu mumazuva okupedzisira,’ ndizvo zvinotaura Mwari, ‘pamusoro pavanakomana navanasikana vaNgu, uye vachaporofita. Uye ndicharatidza zvishamiso.’”

<sup>77</sup> Vanorwara vari kupodzwa, masimba makuru ari kuitwa, neMweya mumwe chete wakagara ukakwanisa kuudza Abrahamu kuti Sara akaseka mukamuri shure kwaKe.

Ipapo tinodanidzira, “Nharirire, inguvaiko yousiku?”

78 Zvino akati, “Husiku hunouya.” Tarisai. Husiku, kutanga . . . Mangwanani anouya, kutanga. Tevere, usikuwo, zvakare.

79 Zuva rave kuda kubuda, pagara paine chiedza chimwe chikuru chinogara chakaiswa mumatenga, ndiyo nyeredzi yemambakwedza. Paunoona nyeredzi yemambakwedza ichipenya, ichingoramba ichiwedzera kupenya, ipapo panyika panoramba pachiwedzera kusviba. Uye chikonzero nei ichiwedzera kupenya, imhaka yekuti nyika ine rima rakawedzera.

80 Uye Chechi yemazuva ano ekupedzisira, yakadanwa uye Mutumbi waKristu wakasarudzwa, yakavimbiswa neBhaibheri kuti Achavapa Nyeredzi yaMangwanani.

“Nharirire, inguvaiko yeusiku? Chii chichaitika?”

81 Hezvinoi. Kuparadzwa zvachose kuri kuuya kune pasi rose. Asi kuparadzwa kusati kwaitika, Chechi yaJesu Kristu ichapinda muKubvutwa, kunosangana naShe waKe.

82 Nyeredzi yemambakwedza ndeyekuitei? Chii chinoita kuti nyeredzi dzipenye kudaro panguva iyoyo? Kuuya kwezuva. Nyeredzi yemangwanani iri kuratidza chiedza chezuva. Dzimwe nyeredzi dzinoita sedziri kupera chiyedza paawa iyoyo.

83 Dzidziso dzese dzebhaibheri dzakaitwa nevanhu, kwese kushaya hany’n’a kwetutsika, kwakatonhora kuchapera. Asi nharirire iya igere kumusoro uko pashongwe yekurinda, pamwe neNyeredzi yeMangwanani, icharatidza chadzera cheMharidzo yechokwadi yaIshe Jesu ava pedyo kusvika, nokuti Anowedzera kupenya, nguva dzose, zuva parinotanga kubuda.

84 Oo, ndingati, nyeredzi dzemangwanani, simukai mupenye mukubwinya kwaMwari, nokuti kuuya kwerima repakati peusiku kwave pamusoro penyika, uye rima guru riri pamusoro pavanhu. Asi mangwanani anouya, uye nyeredzi dzinofanira kupa zviedza zvadzo.

85 Fungai nezvenguva iyo inotyisa yakatarisana nenyika yose. Fungai nezverima rinotyisa iro rakatarisana nemunhu wese asina kuponeswa nhasi. Ndudzi dzose, nemakomo ese, nemapurazi ese nedzimba dzese zvakakzwiwanira mbiri mazviri, zvichaitwa upfu, kuva madota ematombo epasi penyika akanyungudika zvakare, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso.

86 Asi avo vanoda Ishe, avo vane Chiedza cheNyeredzi yeMangwanani, kuti vakananganidza—vakananganidza maziso avo paAri, uye achibva pazvinhu zvenyika! Uye sekunyora kwakaita Pauro mutsamba yake yokupedzisira, asati abva panyika, akanga aparara, uye achihuta-huta, aneta. Oo, ndinonzwira sei muJudha mudiki yu. Paakati, “Ngakurege kuva nomunhu anonditambudza. Ndarwa kurwa kwakanaka, uye ndapedza nhangemutange yangu. Ndakachengeta kutenda. Uye kubva zvino kune korona yekururama yandichapiwa

naIshe Mutongi akarurama pazuva iroro.” Akabva afunga nezvenyeredzi dzemangwanani dzaiuya, iye akati, “Kwete kwandiri chete, asi kune vose vanoda kuonekwa kwaKe.” Oo, “Simudzai misoro yenyu, rudzikinuro rwenyu rwaswedera.”

<sup>87</sup> “Nharirire, chii chakaita kuti pepanhau ritaure izvi? Chii chinoita kuti sainzi itye kufamba? Chii chinoita kuti Pentagon itye kuburitsa mashoko kunze?” Nokuti vanhu vangazozviuraya nokukandira mari dzavo mumigwagwa, nezvimwe. “Chii chaizo. . . Chii chiri kunetsa? Chii? Inguvaiko yeusiku?”

<sup>88</sup> “Mangwanani anouya.” Ndizvozvo chaizvo. Imbori nyaya yei yese iyi? Kugadzirwa kwemangwanani, ari kuuya, uye kuri kusundira Chiedza mberi. Kuri kuita rima guru riuye Chiedza chave kuda kutanga kupenya.

<sup>89</sup> Ndinofara zvikuru kuva Mukristu. Ndinofara chaizvo kuti ndiri nharirire yaKe, mumwe wavo, amire parusvingo, achidanidzira, “Gadzirirai kusangana naMwari, nokuti nguva yeKuuya kwaVo yave kuswedera.”

<sup>90</sup> Nemi, muno muhechi ino mangwanani ano, kana paine mumwe asina chokwadi kuti Nyeredzi yeMangwanani iri kuvhenekera Chiedza chaYo mumoyo mako, Mweya Mutsvene mukuru, dai wagadzirira izvozvo. Nekuti pane chiiitiko chimwe chete chikuru kwazvo chati chamboitika, chave pedyo izvozvi. Takamira pamucheto, tichiona mutambo uchigadzirirwa.

<sup>91</sup> Nguva zhinji ndakatarisa mafirimu, maitiro emuHollywood uye nemunzvimbo dzakasiyana, vachigadzira mitambo yavo. Uye matorero avanoita vatambi vavo, nevamwe vavo vakadaro, vovagadziridza. Uye madzidzisiro avanovaita uye nezvose mutambo mukuru usati waitika. Ndagara ndichishamiswa pakuzviona, uye ndichiziva kuti zvinofanira kunge zviri zvekunyepedzera.

<sup>92</sup> Zvinhu zvese zvekunyepedzera zvinogadzirwa kubva kune zvechokwadi. Hakugone kuve nedhora renhema kusvika paine chairo racho. Hapangavi nemunyengeri kunze kwekunge paine Mukristu chaiye. Hapangavi nemharidzo yenhema kunze kwekunge paine Yechokwadi. Hapangavi nehusiku kunze kwekunge paine masakati. Zvirokwazvo!

<sup>93</sup> Uye pandaivaona vachigadzira mitambo yavo, uye ndakafunga, “Oo, takamira kumusoro uko pashongwe yokurinda, pamusoro pechinhu chose chiri munyika ino, uye tiri kutarisa zvinhu zviviri zvinova zvikurusa; kupera kwenguva, uye neKuuya kwaShe.” Munguva pfupi, “Nguva haichazovapo.” “Hapachazove nenguva,” uye neKuuya kwaShe.

<sup>94</sup> Zvino antikristu, ane vanhu vake vagere ipapo. Ane communism. Ane zvitevedzwa zvakasiyana-siyana: ane zvemachechi, ane chiKatorike, ane chiProtestanti. Ane zvese zvakagadzirirwa, kuita kuratidza kukuru.

<sup>95</sup> Asi ndinofara kuti kuna Baba vari Kudenga, Vane vatambi vaVo vakarongwawo, zvakare, vepamutambo mukuru uyu. Kana antikristu achivapinza murufu urwu rwezvvinhu zvose, kunyange nenguva, Mwari vakagadzirira mumutambo waVo kusimudza Chechi yaVo kupinda muZiyendanakuenda, munzvimbo dzine mufaro mukuru dzeKusingaperi, pamwe naMwari pachaVo. Apo, mitumbi yakare iyi yakashata ichashandurwa yoitwa kuti ifanane neMutumbi waKe Amene unobwinya, uye kuora uku kuchatora kusafa, uye mumufananidzo waKe isu tichamira nekusingaperi.

<sup>96</sup> Tarirai! Imi munoono terevhizheni, imi munoteerera redhiyo, imi munoverenga mapepanhau enyu, imi munoda kunzwa nhau uye munoshamisika kuti chii ichi, teerera kuinzwi rang: “Mambakwedza osvika, uye usiku hunouyawo zvakare.” Mangwanani ari kuuya kune avo vakagadzirira mangwanani, uye usiku huri kuuya kune avo vasina kugadzirira mangwanani. Dai Mwari vagadzirira moyo yedu nhasi.

<sup>97</sup> “Nokuti mambakwedza achabuda rave Ziyendanakuenda rinopenya uye rakanaka.” Uye sezvakataura nyanduri, “Vasanangurwa vake vachaungana kudzimba dzavo dziri mhiri kwedenga. Kana mazita odaidzwa kumusoro uko, ndichavako.”

Ngatinamatei.

<sup>98</sup> Munguva ino yerima pamusoro penyika, nekuparadzwa kumativi ose, Ishe Mwari, tiri. . .Hatigone kutaura manzwiwo atinoita, uye kuvonga nekutenda kukuru kuri mumoyo medu, kuti Jesu Kristu akaburuka kubva Mukubwinya, akaitwa munhu akafanana nesu, akagara pakati pedu. Zvino paAkafira zvivi zvedu, akauya nenzira yeParadhisu, akatora mweya yakanga yakamirira, akaputsa simba rese remweya iro dhiyabhore raakange asunga naro nyika, ndokuita muhwezvwa, kuitira kuti chiedza chezuva chenyasha dzaMwari dzeKwokusingaperi chivhenekere pane avo vanoda kuchigamuchira.

<sup>99</sup> Mwari, itai nhasi, kuti vanhu kwese-kwese vakurumidze, vakurumidze, vapinde muHumambo, nokuti Shoko ragara riri rekuchimbida. “Kurumidzai, kurumidzai, budai!” Mutumwa akati, muSodhoma, “Hapana chandingaita kusvikira wauya pano.” Ishe, itai, kuti kunyangwe Mharidzo izere nenyasha, nesimba, nerudo, asi ndeye kuchimbida. Itai, Ishe, kuti vanhu vakurumidze kuuya vazogamuchira Kristu uye vagozadzwa neMweya Mutsvene. Nokuti Jesu akati, “Avo vari vaMwari, vanonzwa maShoko aMwari.” Ngavauye vatendeuke pazvivi zvavo, vabhabhatidzwe muZita raIshe Jesu, kuitira kuregererwa kwezvivi zvavo, uye vogozadzwa noMweya Mutsvene; kugadzirisa mweya yavo muchinhano chakanga chiri chechi yekutanga, ndizvo zvazvichaita paMunouya.

<sup>100</sup> Tinotenda neMharidzo, uye tinonamata kuti MuIropafadze, Ishe, zvigoitira moyo yedu zvakanaka, apo takamirira paMuri. MuZita raJesu tinonamata. Amen.

<sup>101</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi. Muridzi wepiano anotanga kuridza *Pavacharidza Mabhero Endarama*.—Mupepeti]

Mumwe nemumwe isu tichapinda murusvingo,  
Ikoko kunogara nevasingafi,  
Pavacharidzira mabhero iwayo endarama ini  
newe.

<sup>102</sup> Haungonzwa kuMuda here? Zvino, mharidzo yapera, ngatingoMushumirei saizvozvo, muMweya. Ingo...Ari pano. Mashoko makuru, anoreva zvakasimba, asi ichokwadi. Ndinoataura nemuZita raKristu. Kuuya kwezuya. Kana muchinditora sendiri...Ndinoda izvi...[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

... iwe neni.

Ngatingosimudzai ruoko rwedu mudenga.

... unonzwa ...

Haunzwi here Ngirozi dzichiimba?  
Ijubheri rine hareruya rinobwinya.  
Kure kuya kunotapira nokusingaperi,  
Tichangobira mhiri kwerwizi rwunopenya,  
Pavacharidzira mabhero endarama iwayo  
iwe...

<sup>103</sup> Pavanenge vachiridza ichocho vakare, ngatingokwazisanai maoko nemumwe munhu ari pauri!...?...?

... kunotapira nekusingaperi,  
Tichangobira mhiri...  
Apo iyo...unosvika chete kumahombekombe  
ikoko nekutenda...

<sup>104</sup> Ingoudzanai mumwe nemumwe kuti, “Mufambi, ndinofara kuva newe.”

... mumwe isu tinopinda murusvingo,  
Ikoko kunogara nevasingafi,  
Pavacharidzira mabhero iwayo endarama iwe  
neni.

Haunzwi here mabhero zvino achirira?  
Haunzwi here Ngirozi dzichiimba? (Chii?)  
Ijubheri rine hareruya rinobwinya.  
Kure kuya kunotapira nokusingaperi,  
Tichangobira mhiri kwerwizi rwunopenya,  
Pavacharidza ayo...

<sup>105</sup> Zvabva zvangounza chimwe chinhu mupfungwa dzangu. Mudzimai wangu, kumashure uko, anozvirangarira zvakanaka. Ndakava nemukana wakanaka wekushanyira chechi yekare



yePisgah, Bible Institute muCalifornia. Ndakava neshumiro yehusiku humwe navo. Ndiyo imba yesimba yekare, yekutanga. Inzvimbo yakaisvonaka kwazvo! Ndakasangana nemufundisi, Hama Smith. Munoziva, vanodhinda bepa. Vane rubatsiro. Havatore mipiro. Zvinhu zvese ndezve pachena. Uye vavepo kwemakore makumi mashanu neanorudzira. Rakatangwa nachiremba vakanga vakaremara, vakauya kuCalifornia kuzobatsirwa. Chiremba vakati, “Hapana chaunogona kubatsirwa nacho.”

Ndinotenda kuti aiva mushakabvu Chiremba Price kana mumwe munhu, akamunamatira, kumusoro mune imwe kamuri mamwe mangwanani. Hapana chaakawana, sekunge kudaro, pakare ipapo. Izvozvo hazvina chinhu chazvinoreva. Saka, akabuda. Akati, “Neimwewo, nzira, ndinotenda, zvakadaro.” Zvino paakatanga kutsika tsoka yake kubva nechepamusoro, gumbo rake rakanga rakaremara rakabva ratwasuka. Akavamba Musha wePisgah.

<sup>106</sup> Humwe usiku ndakanga ndiri ikoko, ndichiparidza. Vakanga vakatsvikinyidzana muodhitoriyamu huru iyoyo, uye mazana akapetwa kazana akamira kwese mumigwagwa nezvose, kwavakapinda nekumashure. Zvino mushure mekunge Mharidzo yapera, chimwe chinhu chakaitika, zvinhu zviviri zvandakanga ndisati ndamboona kumashure muhupenyu hwangu. Vakanga vasiri boka revanhu vanofarira kuita ruzha. Vakanga vasiri boka revanhu vanogara, vakaoma. Vaive vanhu vakazadzwa neMweya. Uye ndakanakidzwa nokuwadzana ikoko kunoshamisa. Uye patakanga tiri . . .

<sup>107</sup> Ndatove kuda kunonamatira vanorwara, vakabva vatanga kuimba zvimwe zvinotapira saizvozvo. Zvino ndakamira, ndikashamisika. Ndikati, “Pane chiri kuitika pano. Handinzwisise.” Ndakateerera zvakare, ndikanzwa makwaya maviri. Ndikati, “Panofanira kunge paine chakanganisika.” Ndakazunguza musoro wangu. Uye, nekunzeve dzangu, zvakare. Ndikati, “O Ishe, pamwe maungira kubva pakwaya iyi iri *pano*.” Ndiri kunzwa imwe kumusoro *kuno*, kumusoro-soro, muchiruvi chakareba kwazvo. Ndakati, “Kunofanira kunge kuri kumusoro uko.” Saka ndakafamba ndichibuda munzvimbo yakaderera yevashumiri, ndikakwira kumusoro kuno kunzvimbo yekwaya. Yakanga iri kumusoro ikoko.

Zvino nda—ndakati kumudzimai wangu, ndakati, “Uri kuzvinzwa here izvo, mudiwa?”

Akati, “Chii ichocho?”

“Hanzvadzi Arganbright,” ndakati, “muri kuzvinzwa here izvo?”

Vakati, “Hongu. Ndakambozvinzwa kamwe chete kumashure, muhupenyu hwangu.”

Ndakaenda kuna Hama Arganbright, “Muri kuzvinzwa here izvo?”

“Hongu.”

<sup>108</sup> Vanhu vese vakakotamisa misoro yavo, vachiimba. “Oo,” ndikati, “pamwe. . . Ndi—ndinoda kuva nechokwadi. Handidi kuva ndinotsoropodza, asi, Ishe, kana ndiri chapupu cheNyu, kana ndichizova nharirire, ndinofanira kuziva zvandiri kutaura nezvazvo. Ndinofanira kuva nechokwadi cheizvi.”

<sup>109</sup> Sekupodza kwaMwari, kana ndisina chokwadi, handisi kuzotaura chinhu pamusoro pazvo. Kana ndisina chokwadi kuti uku ndiko Kuuya kwaShe, handina chandinotaura nezvazvo. Ndinofanira kuva nechokwadi.

<sup>110</sup> Ndakadzokera munzvimbo yakaderera zvakare. Munhu wese akatsikitsira musoro.

<sup>111</sup> Uye kudana kuaritari, vanhu vazhinji vakaisa maoko avo pamahwindo, vachiuya kuna Kristu. Uye vakanga vachiimba. Ndichisvika zasi kuno, ndakati, “Ishe, hazvingagone kudaro. Vanhu ava vachiimba pasi *pano* vaingove vanhuwo zvavo, asi izvi kumusoro *kuno* zvainzwika sokunge zvishoma. . . Pamwe zviuru zviviri kana zvitatu zvaiimba, *pano*, asi zvaiita sokunge paizova nezviuru zana kumusoro *uko*.” Uye rakanga riri rimwe remanzwi aitapira zvikuru, soprano yakakwirira chaiyo, semanzwi evakadzi. Ndakateerera, uye ndaingobvunda muviri vese.

<sup>112</sup> Ndakadzokera shure zvakare zvishoma. Ndakateerera. Ndakafamba ndichienda, kumusoro. Ndikadzoka, nokuti vaingoramba vachiimba muMweya. Ndakateerera zvakare. Rakanga risiri izwi *iri*. Ndaitovanzwa zasi *kuno*, imwe mhando yeizwi; uye neiri kumusoro *kuno*, imwe mhando yeizwi.

<sup>113</sup> Saka pakapera shumiro, ndakabva ndati kuna mufundisi, “Mufundisi, ndanzwa zvisinganzwisike.”

Vakati, “Changa chiri chii, Hama Branham?”

<sup>114</sup> Ndakati, “Ndanzwa ma—manzwi esoprano evakadzi, ari manzwi akanyatsodzidziswa, akanakisa kwazvo andati ndambonzwa muhupenyu hwangu, kumusoro *uko*.”

<sup>115</sup> Vakati, “Akanzwikwa kakawanda pano, Hama Branham.”

<sup>116</sup> Ndakanga ndamboverenga zvaamai vachembera. . . Oo, ndakanganwa zita ravo zvino, vaimbonamatira vanorwara. Uye humwe husiku mushure mekunge mufundisi vavhara mharidzo yavo, amai vadiki ava vakadzika kunonamatira vanorwara. Vaiva nevana vadiki vashanu kana vatanhatu pedyo, navo. Zvino vakamira ndokuteerera. Uye ndiMai Woodworth-Etter, kana imi mose muri makamboverenga bhuku ravo. Uye vakanzwa, vakati, “Imwe kwaya iri kuimba iri pamusoro pekuimba kuri muchechi.”

Mushure mokunge manzwi apedza, zasi *kuno*, Rinoramba richiimba, munoona. Zvino ndakamira ipapo.

117 Uye ipapo, kumashure-shure chaiko kwechivakwa... Munoona here kurongeka, kwakakwana? Zvino, ndi—ndinotenda mukutaura nendimi. Ndinotenda kuti chipo chaMwari, chiri muchechi. Ndinotenda kuti dzakashandiswa zvisizvo semamwe Magwaro akashandiswa zvisizvo, asi pane dzemazvirokwazvo. Hongu. Zvino murume uyu akasimuka kumashure kwechivakwa, kumashure-shure, akataura mashoko angangoita mana kana mashanu nemumwe mutauro. Kwete—kwete kungova chete... Waiva mumwe—mumwe mutauro. Waigona kunzwa. Munhu wese akanga akanyarara.

118 Zvino Chimwe chinhu chakafamba pandiri, handina kumbova nekududzira, muhupenyu hwangu. Uye handina kukushandisa ipapo, nekuti ndaitya. Zvinhu izvozvo ndezvaMwari. Zviri nani usaita hako dambe nazvo.

119 Uye Chimwe chinhu chakati kwandiri, “Mufundisi vachanamata munamato wekutenda.” Ndakatobata muromo wangu wakavharika. Uye ndakamirira. Zvino hezvo Izvo ndokuuya zvakare, saisai richiuya, ndokuti, “Mufundisi vachanamata munamato wekutenda.”

120 Ndakafunga, “Ishe, handina zvipo zvekududzira. Changu ndechekunamatira vanorwara, saka handina zvipo zvekududzira.” Ndakavharazve muromo wangu ndokumira.

121 Zvino pakare ipapo mufundisi vakabva vasimuka ndokutanga kunamatira vanorwara. Oo, iVo ndiMwari! Zvirwere zvapakodzwa, muimba yese, kwese-kwese. Chii ichocho? Kubuda kwezuva. Pane bazi diki richiri rakasara. Musanetseke. Mwari havana kumbova vasina chapupu.

122 Ndichivimba zvino kuti zvimwe zvisinganzwisisike zvikuru, pane imwe nzvimbo, pamwe kwete neizwi reNgirozi, asi chimwe chinhu chinoita kuti mutadzi wese, kana paine vakadaro muchivakwa chino, vazive kuti manheru ari kuramba achiwedzera kuita rima pamusoro penyika, uye rima guru. Asi Kuuya kwaShe kwave pedyo, chiri chiri kuzviita. Uye senharirire yenyu, ndingati, “Mangwanani anouya.” Gadzirirai, nyeredzi dzamangwanani, penyai!

123 Vangani vangada kurangarirwa mumunyengetero wokuvhara tisati taenda? Ingosimudza ruoko rwako.

124 Mwari Vanodikanwa, Munoona vanhu vachisimudza maoko avo. Uye vakaperera mazviri. Vazhinji veavo vanonzvera mapepanhau, vakatsvaga vanhu vanoshandisa njere, mabhuku uye nezvinyorwa zvezvinhu zvakasiyana, asi zvakadaro havagoni kuwana mhinduro. Asi hepano pairo, mangwanani ano, muBhaibheri. “Mambakwedza osvika, nousiku hunouyawo zvakare.” Uye tinonamata, Mwari, kuti Muropafadze munhu wese pano, vasimudza maoko avo. Uye Munoziva zviri

kuseri kweruoko rwasimudzwa. Uye, Ishe, ndinotenda kuti ipapo pacho pavagere zvino, kuti Mwari ari kwese-kwese anokwanisa kugovera kwavari nhaka yavo yeMweya wavari kutsvaga panguva ino. Ipai kune mumwe nemumwe, Ishe. Nekuda kweShoko reNyu uye nechishuwo chavo, uye nevimbiso yeNyu Mwari isingakundikane, dai vagamuchira icho chavanosimudzira maoko avo, apo pandinoisa munamoto uyu ndakavamiririra. MuZita raIshe Jesu, dai vachigamuchira. Amenii.

Mwari vave nemi.

<sup>125</sup> Iye zvino tine nguva shomanana yekuita...Zvino tava kuzonamatira vanorwara. Ndinofara zvikuru kuziva kuti pane tariro kune vanorwara. “Ndini Jehovha Ndinokanganwira kusarurama kwako kwose, Ndinopodza hurwere hwako hwose.”

<sup>126</sup> Uye ini, zvinoshamisa sezvazviri, ndabatikana nguva yapfuura, naamai wechidiki vakarara pasitirecha iyi. Uye munhu a—akabatwa nechirwere cheHodgkin. Uye ndinotenda kuti ndiamai vake vakagara naye pano. Ndine chokwadi. Hongu, ndizvozvo, kuti amai ava vandiudza nezvemwana wavo, uye ndanga ndichiedza kuvakurudzira.

<sup>127</sup> Uye kungodana, zvakare, mushure memharidzo iyi. Ndinonzwa kuti ruponeso ndicho chinhu chekutanga. Kupodzwa ndekwechipiri. Kupodzwa kunogona kugara kusvika kumagumo ehupenyu hwako, makore mazhinji. Kunogona kukupa mufaro nekunakidzwa iwe uchiri pano panyika, asi kuchagama nekwako...pakufa kwako. Asi mweya wakaponeswa, une Hupenyu Husingaperi. Haugoni kuparara, kana kuti hapana chingautora kubva kwauri. Hwakapinda mumaBhuku aMwari, kuti huzomutswa mumazuva okupedzisira. Chinhu chikuru ndicho chekutanga, “Kutanga, Humambo hwaMwari nekururama kwaVo, zvimwe zvinhu zvichazowedzerwa.”

<sup>128</sup> Ndinoda kungopa chapupu chimwe chete chekupodzwa kwechirwere chinotyisa ichi icho mudzimai wechidiki uyu ari kutambura nacho. Zvino paive neimwe nguva yakapfuura... Vanogona kunge varipo mangwanani ano. Ini handisi pano kazhinji kuti ndizive kuti ani ndiani. Vazhinji venyu handivazive. Asi paive nemumwe musikana wechidiki muno pachikoro chedu chesekondari. Zvino akanga achirwara nechirwere ichi cheHodgkin, uye akaendeswa kuna chiremba, wemapundu makuru aya aibuda paari. Zvino vakatora chidimbu chebundu ndokuchiendeswa, kuti vaone kuti chaiva chii. Uye kwakazodzoka, “Chirwere cheHodgkin chisingarapike.”

<sup>129</sup> Uye amai vaisada kuti mwana azive zvaive dambudziko rake. Zvino vanachiremba vakataurira amai vacho kuti vangomurega achienderera mberi nechikoro, nokuti akanga angosarirwa nemazuva akati ekurarama. Chinopedzisira chazobudira

pamoyo. Uye chirwere cheHodgkin ikenza, tinozviziva, mune chimwe chimiro. Saka vakadzosera mu—musikana wechidiki uyu kuchikoro, kuti azofe hake.

<sup>130</sup> Mai vacho vakavhunduka. Zvino vakandifonera parunhare, ndokuti, “Ndinoda kuuya naye. Asi ndinonzwisisa, Hama Branham, kuti mumitsara yenyu yekunamatira, nguva zhinji, munotaura zvirwere kana muine kufemera kweMweya.” Vakati, “Mungavewo nemutsa wekuti here, kana Mweya Mutsvene ukazivisa chimwe chinhu pamusoro pemwana, kuti musazvitaure?”

<sup>131</sup> “Zvakanaka,” ndakati, “Handifungi kuti Anozovizarura, kana Ainge asingadi kuti zvizivikanwe.” Ndakati, “Handimbofungi kudaro. Uye patabhenakeri yangu pano, handiwanzoita misangano yakadaro.” Ndakati, “Ndinongonamatira vanorwara.”

<sup>132</sup> Mudzimai wechidiki akapinda mumutsara. Zvino ndakabvunza amai vaya, “Muri muKristu here?”

Vakati, “Kwete.”

Ndikati, “Ko musikana uyu muKristu here?”

“Kwete.”

<sup>133</sup> Ndikati, “Inzira yakaipisira kwazvo yekubva nayo panyika.” Ini ndikati, “Hamufe makamuona zvakare, kana akaenda ari muchinhanho chakadaro.”

<sup>134</sup> Saka mudzimai wechidiki paakapinda mukamuri mangwanani iwayo...Zvino ndokupfuura nepanzvimbo imwe chete iyi pakanga panamatirwa musikana wechidiki; ndizvo zvichaita musikana uyu, mumaminitsi mashoma. Ndakamubvunza. Ndaimuziva. Ini ndikati, “Ndiwe musikana mudiki wepachikoro chesekondari here?”

Iye akati, “Ndini.”

Ndikati, “Uri kuziva here nezvehurwere hwako?”

<sup>135</sup> Akati, “Vanachiremba vanondiudza kuti vanofunga kuti ndichapora.”

<sup>136</sup> “Zvakanaka,” ndikati, “ko kana ukasapora? Uri Mukristu here?”

Akati, “Kwete, changamire. Handisi.”

Ndikati, “Ungada kuva Mukristu here?”

Akati, “Ndingada.”

<sup>137</sup> Ini ndikati, “Ungapa mwoyo wako here kuna Kristu?” Uye akati aizodaro. Amai vake vakamhanyirapo vakati vachadarowo zvakare. Zvokutoti, ndakatovabhabhatidza vari vaviri ipo pano mudziva. Ndikanamatira musikana wechidiki.

<sup>138</sup> Uye nguva yakafamba. Uye pakupedzisira musikana akatanga kuva nani, mushure memazuva mashoma, iye

asingazivi kuti aiva nedambudziko rei. Uye mushure mechinguva, vakamudzosera kuti aongororwe, zvino havana kuzowana kana muhwezva wacho, zvachose. Pane a . . .

<sup>139</sup> Handidi kutaura zvinhu zvekunyepa pamusoro pevanhu, asi ndinoda kuva ndakatendeseka pamusoro pevanhu. Kune mumwe murume muguta rino, anozivikanwa kwazvo, uye hama Mukristu akanaka, zvokuti angadai asiri mudhikoni wechechi ino . . . Ndinoreva, mutirastii wechechi. Uye ari pano iye zvino. Uye vakangozvipa mutoro wekuona nekuchengeta umbowo hwezvaizoitika kune musikana uyu. Kwaperama makore, makore maviri kana matatu gare-gare, musikana muduku uyu akanga apedza chikoro chake uye akanga achifambidzana nomumwe mukomana.

<sup>140</sup> Zvino ndakasangana naye mumugwagwa rimwe zuva, uye akafara kwazvo, uye akapupura kubwinya nesimba raJesu Kristu, mushure mokunge vamuudza kuti chaiva chii. Musikana wacho akaroorwa. Ane vana. Uye ari kurarama achifara.

<sup>141</sup> Zvino baba vake vanouya panzvimbo yebhizimu remurume uyu, kuzogerwa bvudzi ravo. Uye VaEgan pano, vaka—vakava nezivo yenyaya yacho nguva yese iyi. Uye musikana akagwinya uye mutano. Uye zvava nenguva yakareba sei, Hama Egan? Makore akati wandei apfuura, handizvo here? [Hama Egan vanoti, “Makore mana, mashanu, matanhatu apfuura.”—Mupepeti] Uye ari kurarama nhasi, kupa chapupu chokuti Mwari vanopodza chirwere cheHodgkin.

<sup>142</sup> Oo, zvakanaka kwazvo kuziva, kuti munguva dzekutambudzika, kuti tine utiziro. Utiziro ihwohwo ndiKristu.

<sup>143</sup> Ndiri kuda kungopa mashoko kuitira . . . kunemi mose, chimwe chinhu chiduku mumusangano, chichangobva kuitika. Ishe vanga vakanaka kwazvo pakupindura minamoto yenyu mose, pandakaenda kuMadokero kumusangano iko zvino, masvondo mashoma apfuura, masvondo maviri. Uye patakanga tiri kuTulsa, pakonivhenisheni, ndaifanira kuzo . . . ndakanga ndisiri kuzotaura, nokuti . . . Ndaifanira kuzoita musangano ikoko. Asi vashumiri vaive nerwumwe rumutsiriro rwaiitika, saka handina kukwanisa kuva nemusangano wacho panguva iyoyo. Asi ndakapfuura nepo, kunотора Hama Arganbright, kuti ndiende navo kuCalifornia; mudzimai neni, naJoseph mudiki.

<sup>144</sup> Uye manheru iwayo, patakasvika nguva yaperama, ndakanzwisisa kuti Oral Roberts naTommy Osborn vaizoparidza manheru iwayo. Saka Hama Arganbright vakafonera mumahotera kusvika vawana patakanga tiri, ndokuti, “Huyai kumusangano.” Saka vakauyako, ivo naHama Sonmore, veChristian Business Men, mukuru weboka riri kuMinneapolis. Vaka—vakauya kwandiri.

<sup>145</sup> Zvino ndakapinda, uye vakanga vachitodya, vari mu—vari muMayo ballroom, nzvimbo yakanaka. Vanamuzvina

mamiriyoni vakagara imomo. Uye saka imi munoziva kuti ndaizonzwa sei kuenda munzvimbo yakadaro. Ndakanga ndisingatozive kuti ndoshandisa sei mapanga nemaforogo zvavaive nazvo patafura. Asi ndakapinda.

<sup>146</sup> Zvino pandakapinda, Oral Roberts akanga achiparidza. Uye aiparidza pamusoro pekuwanda kwehupenyu, huwandu, uye achiudza maChristian Business Men, kuti, “Jesu akabata hove, akadziisa mumambure, uye vakava nedzakawanda kupfuura dzavaigona—dzavaigona kushandisa.” Uye Hama Roberts mutauri ane simba, sezvamunoziva. Zvino vakati, “Kune zvakawanda kumunhu wese.” Uye vakati, “Zvino, ndiri kuvaka te—temberi iri kuno, zvichida inoita mamiriyoni emadhora.” Vakati, “Yakagadzirwa nemarble chena.” Uye vakati, “Ndaisvitsa panenge pakati, zvino ndokubva ndapererwa nemari.” Ndokuti, “Zvino ndakayambuka mugwagwa rimwe zuva, kuti ndiitarise, zvino dhiyabhore ndokuti, ‘Unozivei? Vanhu vachapfuura nepano vachiti, “Ndizvo zvakaitwa naOral Roberts izvi.””

<sup>147</sup> Akati, “Ipapo ndakati kuna dhiyabhore, ‘Asi vachatotaura kuti, “Oral Roberts akaedza.”” Zvakanaka izvozvo. Uye akati, “Zvino zvakaiswa pamoyo womumwe mukuru webhanga, muno muguta, akandikweretesa inodarika, ingangoita, mamiriyoni maviri emadhora kubva kubhanga, kuti ndipedzise chivakwa ichi.” Mabhanga haaite izvozvo. Munozviziva.

<sup>148</sup> Zvino vakati, “Uyu muzvinabhizimu, mukuru webhanga, akagara muno iko zvino.” Akati, “Handidi kudaidza zita rake, nekuti haazi chaizvo wevanhu vefull Gospel. Asi,” akati, “ari pano.” Ndokuti, “Ini—ini handifungi kuti anotombozviti iye Mukristu. Asi,” akati, “chimwe chinhu chakashanda nemwoyo wake, zvino ndokundipa mari yacho.” Akati, “Kana achida kusimuka,” akati, “aigona, asi handisi kuda kunyadzisa murume wacho.”

<sup>149</sup> Murume wacho akasimuka, akati, “Handisi kunyara, VaRoberts,” ndokugara pasi.

<sup>150</sup> Ndakabva ndapinda, ndokugara pasi. Zvino Hama Roberts, pavakangopedza, vakauya kwandaive ndokukwazisana maoko neni, ndokundimbundira mumaoko avo. Uye mumaminitisi mashomanini, ipapo, ndizvo, vanhu vazhinji vakauyapo, munoziva, vachitaura patakanga tichiri kudya, uye vachida zvemisangano nezvimwe zvakadaro, uye vashumiri.

<sup>151</sup> Ipapo Demos Shakarian akabva asimuka. Ndiye mutungamiri weboka reFull Gospel’s Business Men. Akasimuka ndokuti, “Munoziva, ndiri kungonzwa kutungamirirwa kuti Hama Branham vanofanira kutiparidzira, manheru ano, mharidzo yekupedzisira.”

<sup>152</sup> Zvakanaka, ndakanga ndisingazivi zvokutaura. Zvino akatanga kutaura pamusoro pevarume vakanga vagere muno,

akati, “Heuno *Nhingi-nhingi*. Ndasangana naye nhasi.” Vanga vachindiudza kuti ndivo varidzi vose mabhuroko eguta matatu kana mana eMiracle Miles. Vanamuzvina mamiriyoni nevaridzi vemombe, nevakadaro, zvino ini ndaizotura chii mumusangano wakadaro?

<sup>153</sup> Asi, munoziva, nguva dzose zvakanaka kuteerera. Saka ndakasimuka kuti nditaure nepese pandaigona napo. Uye pakupera kweshumiro...Zvinenge zvisiri muhurongwa kuti udaidze vanhu kuaritari munzvimbo yakadaro. Asi, munoziva, ndakadaidza vanhu kuaritari pamariro. Saka ndakafunga, “Heuno mukana wakanaka.” Zvino nda—ndakadaidza vanhu kuaritari. Zvino varume nevakadzi vose vakapfuma ava vakauya kuna Ishe Jesu, vakapa moyo yavo kuna Ishe.

<sup>154</sup> Ndakakatyamadzwa nemumwe muzvina mamiriyoni, mudzimai wemurume ane mamiriyoni anga aine ngowani duku, ine minhenga yakaisvonaka parutivi, zvichida yakamuitira zana remadhora. Nemisodzi ichiyerera nepamatama ake. Akandibata ruoko, akati, “Hama Branham, moyo wangu wakabatikana.” Akati, “Ndaifunga kuti ndiri Mukristu, kusvikira zvino.” Akati, “Ndinoda kushumira Ishe.”

Zvino ndikati, “Ndinotenda.”

<sup>155</sup> Zvino mumaminiti mashoma, Chimwe chinhu chakati kwandiri, “Namatira vanorwara zvino.”

<sup>156</sup> Ndakafunga, “Oo, kwete. Handikwanise kuita izvozvo. Ndanga ndatovhiringa kare...imba huru iyi yemutambo. Saka kana ndikanamatira vanorwara, vanozofunga kuti ndiri mupengo chaiye.” Saka ndakafunga, “Chokwadi Ishe havangave ivo vari kundiudza izvozvo. Pamwe ndangobatikana nekuda kwehurukuro idzi, saka ndichaverevedza ndonogara pasi.”

<sup>157</sup> Zvino ndakadzika nepatafura yemutauri, ndokudzika kusvika kumagumo, ndokugara pasi neHama Jack Moore, takanga tigere ipapo, tichitaura. Zvino ndakadzorerera shumiro kumutungamiri, VaShakarian.

<sup>158</sup> Zvino apo pavaka—pavakasimuka, vakati, “Munozivei?” Oo, Mwari vanofanirwa kunge vakamubata pabendekeke. Akati, “Ndiri kunzwa kutungamirirwa kuti Hama Branham vadzoke wagonamatira vanorwara.”

Ndakafunga, “Oo, ndizvozvo chaizvo.”

<sup>159</sup> Ndakabva ndasimuka ndokuvaudza. Ini ndikati, “Ndanzwa sekudaro. Uye ndinonamata kuti Mwari vandiregerere. Asi zviri nani kana mumwe munhu akabatwawo, zvakare, munoziva, zvinotiita kuti tizive kuti kushanda kweMweya.”

<sup>160</sup> Saka ndakati, “Zvino, kupodza kwaMwari hakusi kubata danda rezvidawo. Hachingori chimwe chinhu chekungofungidzira. NdiMwari vamwe chete vaponesa vanhu ava nguva pfupi yapfuura. NdiMwari vamwe chete vanopodza



vanhu vose vari pano, nokungotenda kuri nyore kuVatenda.” Ndakati, “Munozvitenda here?”

<sup>161</sup> Uye zvino kune chakavanzika, kuchechei yangu. Sezvamunoziva, shumiro yangu iri kushanduka, uye, oo, ishanduko yakabwinya zvakadini! Oo! Imi mose munorangarira Mazwi anga achinzwika. Uye pese pazvinoitika, chimwe chinhu chinoitika, kana ndikapinda kundotaura pamusoro pazvo, zvinouya—uya kwandiri, “Taura kugomo iri.” Sei zvaive zvakadaro? Kwaive kutenda. Chinhu chose chinoitwa nokutenda. Kutenda hachisi chinhu chaunogadzira. Kutenda ndechimwe chinhu chaunacho.

<sup>162</sup> Zvino ndakafunga, “Kana...Ndagara ndichinyara nekutenda kwangu, nevanhu, nekunaka kwese kwanga kwakaita Ishe.”

<sup>163</sup> Vakaratidza zvinhu, vakataura zviratidzo. Zvinhu zvose zvainge zvakakwana. Imi vanhu munozviziva izvozvo. Haasi dungamunhu. Haasi munhu. NdiMwari vanozviita.

Uye mufananidzo uyu *pano*, mafambiro awakaita pasi rose!

Iya iri muGermany!

<sup>164</sup> Zvino pano masvondo mashoma apfuura, pamwe vatsva vari pano havana kumbouona, vakatora mumwe. Ndinawo kumba. Mufananidzo wechiso chaIshe Jesu vakamira kuseri kwepandaive ndakamira. Uye maoko aKe ari kunze, nendimi dzeMoto dzichibururuka kubva muruoko rwaKe, pandakanga ndichitaura pamusoro pechidzidzo, “Taura kugomo iri, ‘Tbva,’ uye usapokana mumwoyo mako, asi tenda.” Uye isu tinawo. Uri muTechni-. . . mumavara eKodachrome. Uye vanawo kumba zvino. Uye vari kugadzira. . . Wakaongororwa zvino nesainzi, nezvimwe zvakadaro, uye nemaraboratori. Ichabuda munguva pfupi iri kutevera, imwezve, inodziita kuti dzive nhanhatu dzacho munzvimbo dzakasiyana, dzakatorwa.

<sup>165</sup> Iyi ndiyo inonyanya kuonekera pane dzese, isina kumboonekwa. Hedzo ndebvu dzaKe—dzaKe, chiso chaKe, chiso ChaKe nepadivi, maoko aKe akaremba kunze. Uye ndakanga ndakamira imomo chaimo sezvizvi, uye paAne maoko aKe, haukwandise kana kuona nzvimbo yangu, saizvozvo; musoro wangu, ipapo tsoka dzangu dziri zasi pasi, musoro netsoka chete, ndizvo chete zvakanga zvasara. Maona? Uye Iye—uye Iye akamira akatambanudza maoko aKe sezvizvi. Zvino ndakatambanudza maoko angu kunze sezvizvi, ndichiparidza, ndichiti, “Taura kugomo iri.” Uye panguva saiyo, chimwe chinhu chakaitika. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Vakabva vatora mufananidzo waCho saizvozvo. Uye hecho paChaiva, kumashure, chose chiine mavara. Uye huru, sokuronga kunoita Mwari, tswanda huru yemaruva ehapa yakanga yakagara pedyo.

<sup>166</sup> Ndiye Hapa yomuMupata. Uye opium unoiwanepi? Kubva muhapa. Ndizvozvo. Iopium ipi inaMwari? Rugare. Opium inongokuita kuti ukanganwe zvese nezvematambudziko ako. Vanoputa opium, ndiko kuzviuraya kwavanoita neopium iyoyo. Mwari vane Opium. Ameni. Vanonyaradza marwadzo ese, vanopodza hurwere hwese, vanobvisa kunetseka kwese. Chero bedzi tichifemera muOpium yaKe, tiri parunyararo.

<sup>167</sup> Uye tswanda huru yemahapa iri pamberi chaipo, pandakanga ndichitaura, papuratifomu.

<sup>168</sup> Uye ndakanamatira vanorwara, ikoko kuTulsa, ndikangofamba ndichidzika ndokubuda. Uye anenge maminiti gumi akatevera. . .

<sup>169</sup> Handingadi kudana zita remuvhangeri wacho. Asi mumwe mudzimai aiva nearthritis yemumusana, aishandira muevhangeri uyu, akanga ari munyori wezvinenge zvichitaurwa. Uye aitozotaipa *sezvizi*, nokuti mawoko nemapendekete ake zvakanga zvakasungwa. Aitaipa *zvakadaro*. Zvino mu-muvhangeri mukuru uyu anozivikanwa uko kuTulsa, akaita kuti mudzimai apinzwe basa kubasa kwake, kuti awane basa rekuita.

<sup>170</sup> Uye akatanga kufamba achidzika nemuhoro. Uye kamwekamwe maoko ake akasununguka, zvino akatanga kusvetuka-svetuka achizhambatata, kusvikira akwezva meso evanhu vose kumusoro ikoko. Uye mudzimai anodikanwa uya akawira pamabvi ake, achisimudza maoko ake achiaombera *saizvozvo*. [Hama Branham vanoombera maoko avo—Mupepeti] Kubwinya kwaMwari, nokuti Mwari vakanga vamusunungura, nguva shomanini mushure momunamato.

<sup>171</sup> Zvino ndakaverevedza ndichipinda, kuti nditeerere uye ndione zvaaitaura. Akati, “Ndanga ndichingofamba ndichidzika nemuhoro.”

Ini ndikati, “Zvakanaka, tinotenda Mwari.”

<sup>172</sup> Zvino ndakatendeuka, ndikatanga kufamba neimwe nzira. Uye ndakanzwa, zasi-zasi uko, ndakaona vatadzi vose vachimhanya pamwe chete, kuti vaone kuti chii chakanga chaitika. Zvino hepanoi murume akanga achitaura ipapo, Hama Gardner, murume wacho chaiye akandipa sutu iyi.

<sup>173</sup> Vazhinji venyu munoziva Hama Gardner. Hama Gardner, muBinghamton, New York, mutengesi anogonesesa weOldsmobile kwemakore matatu apfuura, vakatengesa motokari dzeOldsmobile dzakawanda kupfuura mumwe munhu wese ari muUnited States. Uye vanobhururuka nendege yavo vega. Uye zvinodarika gore richangopfuura zvishoma. . . Zita ravo ndiGeorge Gardner. Uye ndi. . .

<sup>174</sup> Mutyairi wavo wendege, ari ega, akanga achibhururuka ari ega, zvino ndokudonha, uye nendege. Ndokuputika mabvi ake,

zvitsitsinho zvake. Uye makumbo ake pamwe netsoka zvakanga zvakaomarara, zvino aifamba sezvizi, mutyairi wavo wendege.

175 Zvino akanga aripo pakaiswa munamoto, uye akanga abuda kunze kwehoru umu maiva nemabiko. Uye vakange vamuwanira kamuri yepadhuze, zvakare, kuti asazoita dambudziko rekufamba achienda nekudzoka. Uye hechino chaiva chapupu chake. Akanga apinda mukamuri make ndokugara pasi; akanga asitombori Mukristu. Uye akati, “Neimwe nzira, ndinotenda kamurume kane mhanza kaparidza kumusoro uko manheru ano.” Ndokuti akatanga kuona zvigunwe zvake zvichitanga kudendera. Zvino iye akakwakuka netsoka dzake, apodzwa zvachose.

176 Akamira kunze uko, achirumbidza Mwari, akamira, achisimudza makumbo ake mudenga nepasi saizvozvo, uye nepamativi etsoka dzake nezvose, achingopupurira kubwinya kwaMwari.

177 Zvakare, tisati tanamatira vanorwara. Ndaigara naHama Arganbright. Uye neshamwari yangu yakanaka, Leo naGene, vanoziwa kuti nhare dzinorira chii. Vachiridza runhare, Hama Arganbright vaizodaira. Uye, munoziva, haugone kuve uri kwese-kwese. Asi, zvakaitika, kuti ndakasimudza foni.

178 Ndinotenda kuti zvinhu zvese zvinoshanda nemunzira yaMwari yakakodzera. Hamutendi kudaro here? Ndinotenda kuti ndosaka mudzimai wechidiki uyu ari pano. Ndinotenda kuti ndosaka mese muri pano. Ndinotenda kuti ndiko kusaka ndiri pano, kuti tasangana pamwe chete kuti Mwari akudzwe, nokuda kwechimwe chikonzero. Sei tauya kuno tichidarika nepanzvimbo dzine chando, kuti tive pano mangwanani ano?

179 Saka ndakasimudza runhare, nokuti Hama Arganbright vakanga vasipo mumba umu. Uye kukanzi, “Ndinoda kutaura neHama Branham.”

Ndikati, “Ndini Hama Branham.”

180 Akanga ari murume wechiSpanish. Akati, “Changamire, ndinoziwa kuti hazvina kutsarukana, potse, kuti ndibvunze mubvunzo wandichabvunza.” Akati, “Ndinogona kufungidzira kuti vanhu vanodhonza sei, nezvimwe zvakadaro. Asi,” akati, “ndiri mumishinari kuMexico.” Ndokuti, “Kuseri kuno, ndinogara kuno kuLa Crescenta. Uye ndichangoziwa, maawa mashoma apfuura, kuti muri muno muguta.” Ndokuti, “Ndadzoka nemwana wangu, kuti ndiedze kumusvitsa kwamuri kana Hama Roberts, kana dzimwe hama dzinonamatira vanorwara.” Uye akati, “Sezvo ari mwana wangu, kutenda kwangu, ndinodaira kuti, kwange kungori kushoma.” Akati, “Mwana wangu haasati asvika mwedzi mina uye ari kufa nekenza.”

Uye Chimwe chinhu chakati kwandiri, “Enda kumwana iyeye.”

<sup>181</sup> “Zvakanaka,” ndikati, “changamire, ndichatora Hama Arganbright, movaudza kuti mwana ari kupi, ndichasangana nemi.” Saka anowana...Ndakatora Hama Arganbright, iye akavaudza.

<sup>182</sup> Takabva tapinda mumota ndokudzikako. Uye ndakasangana nemudzimai wake mudiki. Uye iye ari wekuMexico, kunyangwe aive asingataridzike sekudaro. Aive neganda jena, rakatsetseka, asi aive wekuMexico. Zvinova, vekuMexico, nguva zhinji, vane vhudzi rakachenuruka, nekuti vanouya pakati pemaSpanish nemaIndia. Uye kune mamwe maIndia angori nevhudzi rakachenuruka, jena semazaya echando. Uyezve mudzimai wake akanga ari muFinnish, ane vhudzi rakanyatsochenuruka, mudzimai mudiki anotapira kwazvo.

<sup>183</sup> Zvino ndakaenda naye kuchipatara, kunoona mwana wake. Pandakapinda mukamuri, yakanga iri padivi chaipo pehofisi huru yavanamukoti. Nokuti, mwana mudiki, achingori nemwedzi mina yekuberekwa, uye akaberekwa aine kenza yakapararira mushaya dzake, idzo dzakanga dzazvimba zvingada *kudai* kure nechiso chake, saizvozvo, dzangobuda kunze saizvozvo. Zvino vanachiremba vakanga vaedza kumuvhiya. Uye mavanga mahombe akadzika akange achekwa pahuro pake, akapoteredza kwese hako. Hazvina kuimisa; zvakanoiendesa mururimi rwake. Uye shaya diki dzakaremba *seizvi*, nemavanga makuru akadzika. Uye rurimi rwake rwudiki...Muromo mudiki usina kana kukura *kudai*. Uye rurimi rwake, zvichida rwakakura *kudai*, rwakazvimba, rwakanga rwasundirwa kunze kunge *kudai*, ndokushanduka kuva rwutema. Uye rwakavhara kufema nemumhino zvichidzika, parwakazvimba kumusoro kwemukanwa make. Uye zvirokwazvo, zvakagura mweya wake wekufema, kubva *pano*. Vakatozocheka buri pahuro pake. Akanga aine kapito ke...kunge karata kedenderedzwa pahuro pake. Nemaoko ake madiki aive akasungwa, sezvizi, zvekuti aisakwanisa kusveerera achizodzura kapito aka; aizodzipwa. Zvino kenza, ichibuda, uye mukoti aitofanira kumira ipapo nechimwe chinhu chokukwevera mvura yekenza kunze nepakapito aka, kana kuti aizodzipwa kusvika afa.

<sup>184</sup> Baba vakabva vatenderera ndokuenda padivi pemubhedha, ndokuti, “Ricky, kakomana kadiki kababa!” Vakati, “Baba vaunza Hama Branham kuti vakunyengeterere, Ricky.”

<sup>185</sup> Pavakati, “Kakomana kadiki kababa,” mweya wangu wakabva wangondisiya. Ndakanga ndisisagone kumira ndichizviona. Ndakazongobatirira padivi remubhedha. “Kakomana kadiki kababa.” Zvino kakomana aka, kachiri kechidiki sezvakaiva, kaiziva kuti ndibaba vake. Zvino kakatanga kufemereka zvine karuzha saizvozvo, nemaoko ako madiki zvakadaro. Zvino iye achiedza kubhabhadzira mwana mudiki yu mumusoro. Mwana mudiki anonzwise urombo,

akazvarwa ari muchimiro ichocho. Ndakatadza kana nekutaura. Ndakango... Munoziva, unongodumbirwa, zvekuti haugone kutaura kana chinhu.

<sup>186</sup> Ndakatarisa pasi, ndikaona tumaoko tuduku-duku twuri pasi pemibato mikuru iya. [Hama Branham vanoita ruzha rwekufemereka zvine karuzha—Mupepeti] Uye achiita ruzha rwekufemereka. Uye ndakafunga, “Hazvinzwise tsitsi here izvi!”

<sup>187</sup> Uye mushure mekunge ndati gadzikane, zvakakwana zvekugona kufunga chimwe chinhu, ndakafunga, “Jesu, Munoreva here kuti Munowana mufaro mukuona zvakadai? Handigoni kuzvitenda. Handikwanise kutenda kuti Munowana mbiri kubva mumwana mudiki uyu achitambura zvakadaro. Hazingagoni kudaro. Kana zvichiita kuti ini, mutadzi, ndinzwe sezvandiri kuita kumwana uyo, zvingaita seiko kwaMuri, chitubu chetsitsi dzose? Zvinofanira kuitei kwaMuri?” Uye ndakanga ndisati ndataura mashoko nazvino.

<sup>188</sup> Aiedza kutamba nako, kuti kanyarare. Uye kamuviri kake kakapfeka kamutambo, kanenge... Mutumbi mudiki, uye nezvese, zvakanga zvisina kudarika *apa* pakukura. Uye musoro wake ndiwo waive chikamu chakakurisa, shaya yake yakazvimbira kunze yakakura kwazvo. Uye vakange vaine chimwe chinhu chakatenderedza musoro wake, kuitira kuti kamusoro kake kadiki kasatsemuka kachivhurika. Munoziva, chiraga; shaya dzake dzakanga dzazvimba zvikuru, dzakabuda kunze *zvakadai*, kuti dzisatsemuka. Mukoti akanga akamira ipapo.

<sup>189</sup> Zvino ndakatarisa pasi kukamukomana aka, ndikafunga, “Ishe, Mungadai maita sei dai muri iMi makamira pano?”

<sup>190</sup> Zvino, ndinocherechedza kuti ndiri papurupiti. Uye ndinocherechedza kuti Mwari varipo pano. Asi zvakaita sekuti chimwe Chinhu chakataura zasi mumoyo mangu, ndokuti, “Ndiri kumirira kuona zvauchaita nezvazvo. Ndakapa simba raNgu kuChechi.” Hapoka wodzoka zvakare kune, “Taura kugomo iri.” “Ndakapa simba raNgu kuChechi, uye Ndakamirira kuti ndione zvauchaita.”

<sup>191</sup> Handizive kana ariwo maonero aKe kwatiri nguva dzose, kuti Akamirira kuona zvatichaita. Ko zvakadini zviratidzo zvenguva zvatichangobva kuparidza nezvazvo? Aizoitei? Akamirira kuona kuti tichaitei.

<sup>192</sup> Saka, ndakatora ruoko rwako rwerusvava mune rwangu, mumunwe yangu bedzi, *saizvozvo*. Rwaiva rwudiki kwazvo. Ini ndikati, “Ishe, inzwaiwo munyengetero wemuranda weNyu. Uye nokutenda, kuti ndinotenda kuti Muri, ndinoisa pakati pedhimoni iri rekenza nehupenyu hwemwana uyu, Ropa raJesu Kristu. Pakati pemhondi nemwana, Ropa, nokutenda ndinoisa iro.” Uye hapana chimwezve chandakagona kutaura.

193 Ndakangotendeuka ndokutanga kufamba ndichibuda. Baba vacho vakanditevera. Vakati, “Hama Branham, Ishe vaisa pamwoyo wangu kuti ndikupei chegumi.”

194 “Oo,” ndikati, “hama, musazvifunga izvozvo. Kwete.” Ndikati, “Handidi mari, hama.”

195 Akati, “Asi ndakachengeta chegumi.” Oo, kamari kadiki, ndakanganwa zvino chaizvoizvo zvayaive, ndinotenda ingangoita madhora makumi mashanu. Akati, “Ishe vakazviisa pamwoyo pangu kuti ndikupei.”

196 Ndikati, “Regai ndikuudzei. Ndichaigamuchira, mozoidzosea moipa kuna Ricky mudiki uyo, pane chikwereti chake—chake chekuchipatara. Nokuti, muri muparidzi. Ndinoziva zvazviri, zvinoreva mari. Uye imi, muri mumishinari, uye ndinoziva kuti zvinoda mari. Uye mune mhuri, uye nezvikwereti zvose izvi zvachiremba. Idzoserei pachikwereti chaRicky mudiki.”

197 Akati, “Handidi kuita izvozvo, Hama Branham. Haisi yekubhadhara vanachiremba. Ndeyokubhadhara vashumiri.”

198 Ini ndikati, “Hongu, asi ndiri kukudzoserai imi.” Zvino ndakairamba.

199 Ipapo ndakaenda kumba, uye mumaawa mashoma, shaya dzakadzikira, uye rurimi rwake rwukadzokera panzvimbo yarwo. Mwari vakapodza mwana mudiki uyu. Vaibvisa kapito mangwanani andakabvako, kubva pahuro pake.

200 Zvakakatyamadza ose Mahombekombe eKumadokero. Chiremba ane mukurumbira akatumira mwanakomana wake, aine muzukuru wake. Zvino vakagura nzira, nvingadarika, mamaira makumi mana kana makumi mashanu napamusoro, muPasadena, ndokugura nzira pandaizopfuura napo, kuti ndizonamatira mwana uya aive nemuuropi hwaizunguzika. Vakanga vamubaya jekiseni repenicillin, zvikakonjera kuti kenza iuye kubva mukubaiyiwa penicillin muhudyu hwako. Uye ndine chokwadi chokuti Ishe vakamupodza.

201 Ndisati ndabuda mumba, runhare rwakabva rwarira, rwukaramba rwuchingorira. Hama Arganbright, ndakavanzwa vachiitisana nharo nemumwe munhu, ndokuti, “Kwete, handingaiti izvozvo.”

202 Pandakanga ndiri kungopinda mumota, pane imwe—imwe motokari yakauya. Akanga ari ani kunze kwehama yangu duku yekuMexico nomudzimai wake! Vese vachingochema vachirumbidza Mwari. Akati, “Hama Branham, ndaunza chegumi ichi kwamuri.”

203 “Oo,” ndikati, “hama, handikwanise kuchigamuchira.” Ndikati, “Handingokwanise kuzviita.”

Akati, “Asi ndauya nacho kwamuri.”

Ndokuti, ini ndikati, “Ndakakuudzai kuti muchiise pachikwereti chaRicky.”

<sup>204</sup> Akati, “Mangwanani ano, pandaenda kunopa chiremba chegumi ichi, kuti chiende pachikwereti chaRicky, chiremba ati, ‘Hauna chikwereti neni.’ Ati, ‘Handina chandakaita nezvazvo.’ Akati, ‘Icho chiiitiko chikuru chinoshamisa.’ Akadaro, ‘Ini... Hauna chikwereti neni kana kobiri rimwe.’” Saka ndokuti, “Torai ichi, Hama Branham. Ishe vakandiudza kuti maifanira kuchitora.”

<sup>205</sup> Ndakafunga, “Oo, handikwanise.” Ndikati, “Ishe, handisi kunzwa kuda kuzviita.”

<sup>206</sup> Ipapo chimwe chinhu chakauya kwandiri. Jesu akamira rimwe zuva, achiona vapfumi vachikanda mari dzavo zhinji. Oo, vaiva neyakawanda, saka vaipa yakawanda. Zvino imwe chirikadzi yakauya nemakobiri matatu, uye ndiwo ega ayakanga inawo. Ndiyo yokurara nayo yoga yaaive nayo, zvino akaikanda mukati. Zvino ko tingadai takaita sei? “Oo, hanzvadzi, musadaro. Huh-uh. Munoziva, hatiidi iyoyo. Musakanda iyoyo mukati. Ndiyo yoga inokuraramisai.” Asi Jesu akamurega achienda mberi achizviita, nokuti, “Kupa kwakaropafadzwa kupfuura kugamuchira.”

<sup>207</sup> Ndakatora chegumi chidiki ichocho. Handizive zvekuita nacho. Ndichachiisa kune imwe nzvimbo, mune rimwe basa kuitira mbiri yaMwari, kumwe kwakanakisa kwandinokwanisa.

<sup>208</sup> Chii ichocho? Ndiko Kubwinya kwaMwari. Ndiro Simba raMwari. Mimvuri iri kudonha; Kristu ari kuonekwa, ndosaka zviratidzo nezvishamiso zviri kuonekwa. Ndicho Chiedza chikuru cheMwanakomana chiri kupenya kubva panyeredzi dzemangwanani, nekupodza mumapapiro aKe. Uye kana Akaunza kupodzwa kubva pachadzera cheHupo hwaKe, Anozoita sei kana Akauya Pauzima? Iyi mitumbi yedu inoora ichashandurwa yoitwa kuti ifanane neMutumbi waKe Amene unobwinya. Zvichazovei paAnouya? Kusvikira Achizouya, tinotenda nokuda Chiedza cheMwanakomana cheHupo hwaKe, sezvinoita nyeredzi dzemangwanani dzinokwira rusvingo rwemuKubwinya, dzichigara ipapo dzichichingamidza nomufaro Kuuya kwaKe munguva ino yerima.


Ngatinamatei.

<sup>209</sup> Oo Ishe, tinongoKudai zvakanyanya kusvikira, Ishe, hatizivi kuti kusvika riinhi...Hatineti pakupupura nezverumbidzo dzenyu. Asi nguva yasvika zvino, pane vanhu vanorwara vakamirira. Munoziva zvapupu izvi. Zviri, sekuziva kwandinoita, Ishe, chokwadi chaicho. Chemutyairi wendege akamira kunze uko, achiratidza kuti aikwanisa sei kumira netsoka dzake, uye nezvinhano zvese zvaive nemuviri wake; ndokusimudza makumbo emudhebhe wake achiratidza mabvi ake nemakumbo zvese zvakaPUTIKA uye zviine mavanga, apo

vanachiremba vakanga vaedza kudzosera mapfupa pamwe chete. Makaona mukadzi aive akamira ipapo akapenda kumeso, uye pendi ichiyerera pamwe nemisodzi yekufara, achitaura nezvechirwere chearthritis yake yakanga yapodzwa neSimba reNyu. Nezvemwana mudiki uya anodikanwa, uye nechapupu chababa neavo vaivepo.

<sup>210</sup> Zvino, Ishe, Muchingori mukuru pano mangwanani ano, muno mutabhenakeri, sezvaMuri kwose-kwose munyika. Uye Makavimbisa kuti patichazosangana pamwe chete, kuti Muchange muri pakati pedu. Zvino tichadaidza vanorwara vaMatitumira mangwanani ano. Uye isu tichavanamatira, uye tichanamata nemoyo yedu yese, munamoto wekutenda. Uye dai Maponesa vanorwara nekuvamutsa. Zvakare kana vakaita zvivi, varegerereiwo, Baba, apo tichireurura kukanganisa kwedu mumwe kune mumwe, uye tichinyengetererana. Uye iMi makati, “Munyengetero unoburitsa zvibereko, unobva pamoyo womunhu akarurama unokunda zvakanyanya.”

<sup>211</sup> Tinoziva nezvemunwe akarara pano anesu mangwanani ano, angori amai vechidiki vane vana vadiki ava. Ishe, maererano navanachiremba, ava pedyo nemagumo erwendo rwake. Asi tinonamata, Mwari, kuti Mumire pakati pake nemuvengi uyu. Uye patinomuzodza nokumunamatira, dai Simba reNyu rabata mweya wake iwoyo. Zvichaunza kutenda pamwe nekudzikininurwa. Uye dai aenda kumba onopora, uye agopa rumbidzo, uye agova cha—chadzera cheNyereredzi yaMangwanani, kuti Mwari vakudzwe. Amen.

<sup>212</sup> Hama Mercier, zvino, patinenge tichitora vanhu ava nokusangana kwakafanorongwa, vanhu vari kuuya. Tichangodaidza nhamba iyi. Zvino vanoiswa pamutsara wemazita eavo vari kuzonamatirwa. 



*NHARIRIRE, INGUVAIKO YEUSIKU?* SHO58-1130  
(Watchman, What Of The Night?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Mbudzi 30, 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)